Анэм и гурыщIэ къабзэ

2-нэ нап.

Абыхэм ефыгъуэн хуейкъым

3-нэ нап.

ГушыIэр зэбэкIа пшыхь

4-нэ нап.



ЩхъуэкIэплъыкIэрэ щхьэпэ дыдэу

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№40 (24.790) ● 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 3, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

2-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Зэкъуэтыныгъэр я тегъэщIапIэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Абхъаз Республикэм и президент Гунбэ Бадрэ Зураб и къуэр и къулыкъум зэрытеувэм иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхуэсым.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIа хьэщIэ лъапIэхэм ящыщт Урысейм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей. Ар къеджащ ди къэралым и Iэтащхьэ Путин Владимир Абхъаз Республикэм и унафэщIу хахам зэрызыхуигъазэ хъуэхъум.

«Ди къэралхэм я зэхущытыкIэхэм зауж зэныбгъэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я лъабжьэу. Къэралым и унафэщI къулыкъум утету Уэ егъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр а зэкъуэтыныгъэр нэхри гъэбыдэным хуэунэтIауэ щытыну сыщогугъ. Урысеймрэ Абхъазымрэ щыпсэу лъэпкъхэр я зэхуэдэ тхыдэкIэ зэпыщIащ. Зэи нэхъ лъахъшэ мыхъуу ди дежкIэ мыхьэнэ хэха иIэщ Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэм и махуэм», - щыжеIэ Урысейм и Президентым и тхыгъэм.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Абхъаз Республикэмрэ илъэс куэд хъуауэ зэныбжьэгъугъэ зэпыщIэныгъэхэр яку зэрыдэлъыр, ахэр сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм щыдэлэжьэным теухуауэ правительствэхэм зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэмкIэ зэрыщIэгъэбыдар.

«ЛъэныкъуитIми я фейдэ зыхэлъ ди зэпыщIэныгъэхэм я лъабжьэщ промышленнэ, мэкъумэш IуэхущIапIэхэм сату зэрызэдащIэр, щэнхабзэ и лъэныкъуэкIи зэрызэхъуажэр. Ди республикэр апхуэдэуи Абхъазым лъэныкъуэ куэдкIэ доIэпыкъу. Нобэ ди къуэш республикэм тыгъэ худощI «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» автомашинэрэ УЗИ къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкI IэмэпсымэрэI.

Гунбэ Бадрэ и къулыкъум зэрытеувамкIэ сохъуэхъу. А IэнатIэм къыпхуегъэзэу Iуэху куэдым фIыуэ хэпщIыкIыныр, укъыщалъхуа республикэм хьэлэлу къулыкъу хуэпщIэныр, нэгъуэщI къалэн гугъухэри зэфIэбгъэкIыныр.

Шэч къытесхьэркъым Бадрэ Зураб и къуэм абхъаз цIыхубэр къызэрыщыгугъыр зэригъэпэжынум.

Си гум къыбгъэдэкIыу абхъаз лъэпкъым сохъуэхъу мыхьэнэшхуэ зиIэ нобэрей махуэмкIэ. Абхъаз Республикэр ефIэкIуэну, абы сыт и лъэныкъуэкIи зиужьыну си гуапэщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ПIалъэ кIыхькIэ



Мэлыжьыхьым и 2-р Урысеймрэ Белоруссиемрэ я лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ. Ар къызэгъэпэщыным теухуа зэгурыIуэныгъэм Москва Iэ щыщIадзауэ щытащ 1996 гъэм.

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрымрэ Беларусь Республикэмрэ я щIыналъэхэр дунейпсо, урысейпсо зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ зэпещIэ зэныбжьэгъугъэмрэ пIалъэ кIыхькIэ зэращIылIа экономикэ зэдэлэжьэныгъэмрэ. Иджыблагъэ республикэхэм я зэдэлэжьэныгъэм теухуа зи чэзу зэIущIэр екIуэкIащ. Абы щагъэнэIуащ лъэныкъуитIым адэкIэ зэгъусэу зэфIагъэкIыну Iуэхухэр. Нэхъыщхьэу зи гугъу ящIар промышленнэ IуэхущIапIэхэмрэ мэкъумэш IэнатIэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэрщ, апхуэдэуи къыхагъэщащ туризмэр.

Шэч къытесхьэркъым къэралитIым я щIыналъэхэм яку дэлъ зэхущытыкIэфIхэм, щэнхабзэ, лэжьыгъэ зэпыщIэныгъэхэм щхьэпагъ куэд къызэрахьынум икIи Урысеймрэ Белоруссиемрэ я зэкъуэтыныгъэр нэхъ быдэ зэрищIынум», - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

ЛIыхъужьхэм яIуощIэ

Шэджэм щIыналъэм щыIэ ЩIалэгъуалэ центрым къыщызэрагъэпэщащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIахэр зыхэта зэIущIэ. ЛIыхъужьыгъэм и дерсым ирагъэблэгъащ Къардэн Атмир, Къалмыкъ Залым, Къущхьэ Владимир сымэ. Iуэхум хэтащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и лэжьакIуэхэу Шорэ Анзоррэ Уэзрокъуэ Заремэрэ.

ЗАУЭЛIХЭР ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ Хэкум, лIыхъужьыгъэм, захуагъэм, псэзэпылъхьэпIэм епха Iуэхухэм ущыхэткIэ узыхуекIуэ хъуну Iэмалхэм, къэралым хъумэным щIыхь зэрыпылъым. ЩIалэгъуалэми абыхэм упщIэхэр иратащ, езыхэми жаIащ лIыгъэр къазэрыгурыIуэр. Псалъэм къыдэкIуэу, хьэщIэхэр къытеувыIащ спортым и мыхьэнэм. ЖаIащ абы Iэпкълъэпкъым зригъэужь, цIыхур нэхъ Iэчлъэч ищI къудей мыхъуу, цIыхум и хьэл-щэныр зэтеувэнымкIи зэрысэбэпыр. Абы къыхэкIыуи, ныбжьыщIэхэм чэнджэщ иратащ спортыр Iэпагъу ящIыну.

ЩIалэгъуалэ центрым и лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ СВО-м хэта щIалэхэм.

ГЪУЭТ Синэ.

ЩыIэкIэ-псэукIэр зэлъытар

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЖКХ-м зэрызыщрагъэужь щыкIэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэмкIэ и комитетым и зэIущIэм. Абы хэтащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и депутатхэр, КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министерствэм, Налшык къалэ округымрэ Iуащхьэмахуэ районымрэ я щIыпIэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэмкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч къыхигъэщащ зи гугъу ящIыну IэнатIэр нэхъ гугъу дыдэхэм зэращыщыр, абы щIыналъэми цIыхуми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Хуабэр, электрокъарур, газыр, псыр цIыхум я псэукIэр зыхуэдэнур зэлъытащ, икIи ахэр тэмэму жылагъуэм Iэрымыхьэмэ, щытыкIэр гугъу мэхъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым гугъуехь нэхъыбэ щыдиIэхэм ящыщщ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр икIи ахэр зэтегъэкIыным щIыналъэ унафэщIхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыхьэхэмрэ йогугъу. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гулъытэ хэха хуещI ЖКХ-м зэрызедгъэужьыным, уеблэмэ ар къалэн нэхъыщхьэ дыдэу игъэувхэм ящыщщ, - жиIащ Къумалым.

Iуэхум теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Журавлёв Андрей, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз, Iуащхьэмахуэ районым и щIыпIэ администрацэм промышленностымкIэ, транспортымкIэ ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и къудамэм и унафэщI Афашоков Магомед.

Журавлёв Андрей зэрыжиIамкIэ, федеральнэ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ республикэм зэрыщагъэзащIэм и фIыгъэкIэ, жьы хъуа бжьамийхэр зэрахъуэкIыну Iэмал яIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщIадзащ «Коммунальнэ IэнатIэр егъэфIэкIуэн» федеральнэ Iуэхур ягъэзэщIэныр. Абы ипкъ иткIэ, илъэсищым и кIуэцIкIэ зэрагъэпэщыжынущ Налшык къалэм и «Головной» псы къигъэхъуапIэр. КъищынэмыщIауэ, иджыри Iуэхугъуэ 47-рэ ирагъэкIуэкIынущ республикэм щыпсэухэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъыфIу яхузэфIэхыным хуэгъэзауэ.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ къагъэсэбэпа псымрэ хуабэмрэ я уасэр тэмэму зэратыр. Псалъэм папщIэ, хуабэр зэраIэрыхьам и пщIэр процент 84-м нэскIэ къыхэкIащ. Журавлёв Андрей жиIащ технологие IэмэпсымэхэмкIэ зэхъуэкIын зэрыхуейр, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ ятелъ щIыхуэр къыхэхыжынымкIэ нэгъуэщI Iэмалхэм иджыри зэрегупсысыпхъэр, котельнэхэр зыхуей зэрыхуэгъэзапхъэр.

Министерствэр адэкIи кIэлъыплъынущ кIэрыхубжьэрыхухэр зэрыдашым. Мы зэманым абы елэжь щIыналъэ IуэхущIапIэм техникэ 70-м щIигъу иIэщ, иджыри 33-рэ зэрагъэпэщыну я мурадщ. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, кIэрыхубжьэрыхур щызэхадз IуэхущIапIэ Аруан муниципальнэ районым къызэрыщызэIуахыным теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ, дэфтэрхэр ягъэхьэзырщ.

ЩIыпIэхэр зэIузэпэщ зэращIым щытепсэлъыхьым, министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэм къыхигъэщащ 2025 гъэм жылагъуэ щIыпIэу 38-рэ (сом мелуан 430-рэ текIуэдэнущ) зыхуей зэрыхуагъэзэнур.

Муниципальнэ районхэм лэжьыгъэхэм щыпащэ жьы хъуа бжьамийхэр зэхъуэкIыным, щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным, егъэджэныгъэ, спорт IуэхущIапIэщIэхэр, сабий гъэсапIэхэр ухуэным теухуауэ.

Ахъуэхъу Таймураз Налшык къалэм щызэфIагъэкIа лэжьыгъэр къызэщIикъуэжащ, ЖКХ-м епха гугъуехьхэмрэ абыхэм я хэкIыпIэу илъагъухэмри къигъэнаIуащ. Ар тепсэлъыхьащ «2022 - 2025 гъэхэм цIыхухэр жьы хъуа унэхэм къыщIэгъэIэпхъукIын» программэр щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм, ТекIуэныгъэм и паркыр зэращIым, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм хэту щыта къэфапIэр зэрызэрагъэпэщыжынум, нэгъуэщIхэми.

Iуащхьэмахуэ районым щрагъэкIуэкI Iуэхухэм къытеувыIащ Афашоков Магомед.

Депутатхэр щIэупщIащ фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэрагъэплъ щIыкIэм, ахэр зи нэIэм щIэт IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм, республикэм и щыхьэрым ТЭЦ щыухуэным и фIагъхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ, сабий зеиншэхэм ират псэупIэхэр зыхуэдэм зэрыкIэлъыплъым, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм я Iуэху еплъыкIэхэр къыщагъэлъэгъуа нэужь, зытепсэлъыхьахэм теухуа унафэ къащтащ.

Саугъэтыр къыхуагъэфащэ

«Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и саугъэт къэхьынымкIэ зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхилъхьа Iуэхуищ щыпхыкIащ. НэхъыфIхэм ящыщу къалъыта пэхуэщIэхэр гъащIэм хапщэфын папщIэ сом мелуан 19,7-рэ кърагащ.

ТЕКIУЭНЫГЪЭР хуагъэфэщащ «Профи +» егъэджэныгъэ лъэщапIэр къызэIухыным (зыгъэхьэзырар ЩIалэгъуалэм я урысей зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэрщ), «Пашэхэм я гъуэгуанэ» щIалэгъуалэ лъахэхутэ зэхуэсыр егъэкIуэкIыным («Феномен» IуэхущIапIэм къыбгъэдэкIыу), «ЛIыхъужьхэм я щIэблэхэр» Iуэхум (Кавказ Ищхъэрэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм я зэгухьэныгъэм ейуэ).

Иужьрейр зыхуэгъэзар ди къэралым и лIыхъужьхэм я фэеплъыр хъумэнымрэ СВО-м хэтхэм я бынхэм (илъэс 14 - 17 хъухэм) зэрызаужьынумкIэ щIэгъэкъуэн яхуэхъунымрэщ. Абы ди япэ итахэм пщIэ хуащIу ныбжьыщIэхэр зэригъэсэнум и мызакъуэу, я къэухьми хригъэгъэхъуэнущ, зригъэузэщIынущ. «Къэбгъэлъагъуэмэ, «ЛIыхъужьхэм я щIэблэхэр» Iуэхур къыхилъхьащ КъБР-м и Iэтащхьэм икIи абы пщэрылъ ящищIри, нэгъабэ япэу Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщащ. Дызэрыт илъэсым абы къыхыхьащ нэгъуэщI щIыналъэхэри», - жеIэ проектым и унафэщI Мамий Залинэ.

Зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыра Iуэхухэм я нэхъыбэр хуэгъэзат тхыдэр хъумэнымрэ хэкупсэу щIэблэр къызэрагъэхъунымрэ. «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэм» хэт къуэдым я жэрдэмхэр траухуащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэририкъумрэ 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу зэрагъэувамрэ. Апхуэдэу, «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэм» Башкортостан Республикэм щиIэ къудамэм хэт школакIуэхэм я жэрдэмыр траухуат «Керчь» зи фIэщыгъэ шым - Дзэ Плъыжьым и зауэлIхэм ябгъурыту зауэм пхыкIыу Берлин нэс кIуам. ЗэщIэхъееныгъэм хэтхэр щIохъуэпс зауэм хэта а шым и лIыгъэм цIыху нэхъыбэ щагъэгъуэзэну.

- Лэжьыгъэм иужь дыщитым, нэхъ гугъу дыдэу щытар дыкъызытеувыIэну Iуэхур къыхэхынрат. Ауэ ЩIалэгъуалэм я урысей зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм хэтхэр дызэхыхьэри, абы дыпэлъэщащ. Иджы ар зэрызэдгъэхъулIэнум дегугъунущ. «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм фIыщIэ худощI зэпымыууэ чэнджэщхэр къызэрыдитам папщIэ, - жеIэ ЩIалэгъуалэм я урысей зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Таукеновэ Лейлэ.

Зэпеуэм лэжьыгъэ куэд дыдэ ирагъэхьащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ ятеухуауи. Абыхэм хэплъа къэпщытакIуэхэм яхэтт щIэныгъэхэмкIэ доктор, кандидат цIэ лъапIэхэр зиIэ цIыху 250-м щIигъу, къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я проректорхэр, сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Жэрдэмхэм я лъабжьэу щытын хуейт «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэм» фIэлъапIэ гупсысэ щхьэхуэхэр: зыр адрейм дэIэпыкъун, унагъуэм пщIэ хуэщIын, лъэпкъхэр зэкъуэтын, Хэкум хуэлэжьэн. Ахэр гъэзэщIа хъунымкIэ, шэч хэмылъу, щIэгъэкъуэнышхуэ хъунущ саугъэту кърата ахъшэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Къалэнхэр зэрызрагъэхъулIэ Iэмалхэр

УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым щекIуэкIащ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам и фIагъыр къэхутэнымкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэр щагъэлъапIэ зэIущIэ. Зэпеуэм хэтащ IэнатIэ 500-м щIигъу.

УРЫСЕЙМ и Правительствэм ФIагъымкIэ и саугъэтыр хуагъэфэщащ ди къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ IуэхущIапIэ 14-м. Абыхэм яхэтщ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм Лъы щат и станцыр. КъыхэдгъэщынщI, медицинэ IуэхущIапIэу зэхьэзэхуэм хэтар абы и закъуэщ.

ФIагъым и жыпхъэхэм хуэкIуэ IэнатIэ нэхъыфIыр IэщIагъэлIхэм ягъэбелджылащ унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ. Къапщтэмэ, Iуэхум къыхалъытащ лэжьакIуэхэм я зэфIэкIыр, IэнатIэм зыхуигъэувыжа къалэнхэмрэ ар зэрызригъэхъулIэну Iэмалхэмрэ, цIыхухэм яхуищIэ Iуэхутхьэбзэр зыхуэдэр, нэгъуэщIхэри.

Урысей Федерацэм промышленностымрэ сатумкIэ и министр Алиханов Антон жиIащ IуэхущIапIэхэмрэ предприятэхэмрэ унэтIыныгъэ псомкIи заужьынымкIэ, я продукцэхэр, Iуэхутхьэбзэхэр ирагъэфIэкIуэнымкIэ Урысейм и Правительствэм и саугъэтыр лэжьыгъэм тезыгъэгушхуэ щхьэусыгъуэ хъарзынэ зэрыхъуар.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

● Адыгэ Псалъэ ● apkbr.ru ● adyghe@mail.ru ● smikbr.ru ● Адыгэ Псалъэ ●

ТекIуэныгъэ-80

Куэдым хуэIэзэт

Пэжыр зи гъуазэ цIыхум дежкIэ нэхъыщхьэр зыхуэзэ гугъуехьхэм пэлъэщрэ задиузэщIу, псэуныгъэм хуиIэ лъагъуныгъэр и гум щимыгъэкIуэщIу ипэкIэ кIуэтэнырщ. АтIэми, ар зэгуэр нэсынущ зэплъэкIыжу щызэупщIыж и пIалъэм: сыт хуэдэ лъэужь къызэзнэкIыр, сыкъызыхэкIа лъэпкъым, сыкъыщыхъуа жылэм я пщIэр, я щIыхьыр, зымащIэ нэхъ мыхъуми, си гуащIэдэкIымкIэ схуэIэта? А упщIэхэм япэхъун жэуап нэс и чэзум езытыжыфахэм, шэч хэмылъу, ящыщщ мы тхыгъэм къытедгъэзэжу зи гугъу щытщI Шортэн Аскэрбий.

ШОРТЭН Аскэрбий ТIэхьир и къуэр Анузоровкэ (Лэскэн ЕтIуанэ) къуажэм 1916 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м къыщалъхуащ. КъызыхэкIар мэкъумэшыщIэ унагъуэщ. Налшык къалэ а зэманым дэта «Ленинскэ учебнэ городок» жыхуаIэр къиуха иужь, ар Москва щыIэ Театр институтым (ГИТИС) и режиссёр факультетым 1934 - 1936 гъэхэм щоджэ, пьесэхэр тхын щыщIидзари а лъэхъэнэрщ.

Шортэн Аскэрбий ящыщщ адыгэ щэнхабзэр егъэфIэкIуэнымрэ лъэпкъ литературэм зегъэужьынымкIэ куэд дыдэ зылэжьахэм. И творчествэм къызэщIаубыдэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, къыщыгъэлъэгъуа псэкупсэ IэкIуэлъакIуагъэхэмкIэ абы езым и лъагъуэ ди литературэм зэрыщыхишар нэрылъагъущ. ЖыпIэнур арамэ, Аскэрбий зи гъащIэри зи гуащIэри литературэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным хуэзыунэтIа тхакIуэт, критикт, драматургт, IуэрыIуатэджт.

Шортэным и япэ драмэр, «Батыр и къуажэ» зыфIищар, 1939 гъэм дунейм къытохьэ. Абы къыкIэлъыкIуащ «Партым и лIыкIуэ» зыфIища и IэдакъэщIэкIри. А лэжьыгъитIыр теухуащ Кавказ Ищхъэрэм граждан зауэр зэрыщекIуэкIам. Абыхэм къакIэлъыкIуэу, тхэным дихьэха Шортэным дунейм къытрегъэхьэ едзыгъуэ (акт) зырызу зэхэт «Луизэ», «Танкистищ» и пьесэхэри.

Совет Союзу щыта къэрал абрагъуэм зы унагъуи идгъуэтэну къыщIэкIынкъым 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и нэпкъыжьэ зыжьэхэмыуа. Къэралыр псэзэпылъхьэпIэ щихуэм, ди цIыхухэр зэщIэтаджэри, зылI и быну бий ерум пэщIэуващ. Жылагъуэм и щхьэхуитыныгъэр ихъумэу, зэрыпхъуакIуэхэм къэмылэнджэжу япэщIэтахэм ящыщщ Шортэн Аскэрбий. Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ ар фронтым кIуэри, лIыхъужьыгъэ къыщигъэлъагъуэу, и кIэм нэсыху хэтащ абы.

Зэхэуэ гуащIэхэм хахуагъэу щызэрихьар, зауэлIхэр зыгъэгушхуэ унафэщI Iэзэу зыкъызэрыщигъэлъэгъуар къалъытэри, Шортэным тыгъэ зыбжанэ къыхуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ Вагъуэ Плъыжь, Бэракъ Плъыжь зэIэпахым я цIэкIэ щыIэ, Хэку зауэм и I, II нагъыщэ зиIэ орденхэр; «Зауэ IэнатIэм лIыхъужьыгъэ къыщызыгъэлъэгъуахэм», «Кавказыр зыхъумахэм», «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр, нэгъуэщIхэри.

Шортэн Аскэрбий щIэныгъэм пыщIа и лэжьыгъэм, и творчествэм нэхъ зыщиужьауэ къалъытэр зауэ нэужь лъэхъэнэрщ. Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и пщэ къыщыдалъхьэ лэжьыгъэ къызэрымыкIуэм къыдэкIуэу, а лъэхъэнэм абы зрепщыт литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэми. Пьесэхэм нэмыщI, абы и Iэдакъэ къыщIокI очерк, рассказ, фельетон куэд, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и театральнэ искусствэ» монографиер, нэгъуэщIхэри.

Шортэным къаруушхуэ ирихьэлIащ адыгэ IуэрыIуатэр, нарт эпосыр зэхуэхьэсыным, джыным. Абы и щIэныгъэ лэжьыгъэхэм ящыщу нэхъ къыхэгъэщыпхъэу къалъытэ «Кабардинский фольклор», «Адыгская мифология», «Адыгские культы» и монографие телъыджэхэр, «Очерки истории кабардинской литературы» зыфIища и тхыгъэ зэкIэлъыхьахэр.

Къэбэрдей-шэрджэс литературэ зызыужьым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэу къыщIэкIащ Шортэн Аскэрбий «Бгырысхэр» зыфIищу, томищу зэхигъэува и роман гъуэзэджэр, ар зи IэдакъэщIыр псэу щIыкIэ, адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи, уеблэмэ хамэ къэралыбзэхэмкIи зыбжанэрэ къыдагъэкIар.

Аскэрбий зэрылэжьакIуэшхуэм къыпэкIуэу къыфIащащ Къэбэрдей-Балъкъэрми (1939 гъэм) РСФСР-ми (1971 гъэм) гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэр. Абы къратащ «Знак Почёта» орденыр (1957 гъэм), КъБАССР-мрэ РСФСР-мрэ я Совет Нэхъыщхьэхэм я Президиумхэм къабгъэдэкIа щIыхь тхылъхэр (1954, 1960, 1966 гъэхэм), нэгъуэщIхэри.

Шортэн Аскэрбий дунейм ехыжащ 1985 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м. ТхакIуэр Налшык къалэ щыщIалъхьэжащ.

АНЗОРЫКЪУЭ Аслъэмырзэ.

Анэм и гурыщIэ къабзэ

Ди гуапэ зэрыхъущи, «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм мымащIэу яхэтщ ныбжьэгъуфI тхуэхъуахэр, зи гупсысэхэмкIэ, Iуэху еплъыкIэхэмкIэ, мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмкIэ къыддэгуашэхэр. Редакцэм иджыблагъэ къыщIыхьа бзылъхугъэр апхуэдэхэм ящыщщ. Ар Нарткъалэ дэт курыт школ №4-м илъэс куэд лъандэрэ щылажьэ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ щIэблэм езыгъэдж ШЫБЗЫХЪУЭ Светланэщ. ЕгъэджакIуэ Iэзэр, гъащIэм и пIалъэ фIыуэ зыщIэ цIыху щыпкъэр къытхутопсэлъыхь щапхъэрэ гъуазэу иIэ и анэ Быф (Къущхьэ) Женя.

Дэ къытхуатх

«АНЭ... Сыту мыхьэнэшхуи иIэ, къарушхуи щIэлъ хьэрфищ фIэкIа мыхъу мы псалъэм. Анэ лъагъуныгъэм нэхърэ нэхъ ин, хуабэ икIи кIэншэ сыт щыIэ? Зыми ещхькъым анэ лъагъуныгъэр. ЩыIэкъым лъагъуныгъэ, зыгуэрым щIэмыупщIэж, адэ-анэм къабгъэдэкI а гурыщIэ къабзэм фIэкIа. ЦIыху гъащIэми анэм мыхьэнэуэ щиIэр нэсу пхужымыIэну инщ икIи куущ.

Сыхуейт нобэ си анэм сытепсэлъыхьыну. Ар, Алыхьым и фIыщIэкIэ, тхуэпсэущ, и узыншагъэр кIуэщIами, нэхъ къарууншэ хъуами, лъэрытетщ.

«Дауэ ущыт, ди анэ?» - жыпIэрэ ущIэупщIэмэ, и жэуапыр зыщ – «Алыхьым и фIыщIэкIэ сыхъарзынэщ, фIыуи сыкъэпсэуаи иджыри къэс. Хэт ищIэнт илъэс 90-м нэсыху сыпсэуну? Алыхьым сыхуэарэзыщ къысхуищIамкIэ».

Ди анэ Быф Женя Къущхьэ Темболэт и пхъур 1935 гъэм гъатхэпэм Ашэбей (Малкэ) къыщалъхуащ. Абы и сабиигъуэр хиубыдащ Хэку зауэшхуэм, нэхъ зауэ шынагъуэ дыдэу цIыху мелуан 27-м нэсым я гъащIэр зыхьам, и илъэс гущIэгъуншэхэм. ЕтIуанэ классыр къиуха къудейуэ арат зауэр къыщыхъеям щыгъуэ. Япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ унагъуэми, къуажэ псоми къатепсыхащ бэлыхьрэ гугъуехьу кIэи гъуни зимыIэжу къыпщыхьур.

Быным я нэхъыжь Къасым япэ дыдэ зауэм кIуахэм яхэтащ. Абы и письмо щимэхэр унагъуэм къаIэрыхьащ 1942 гъэм щэкIуэгъуэм и 22 пщIондэ. Абы иужькIэ зэпыуащ. «Ар гъэр зэрыхъуар къыщытщIар, - игу къегъэкIыж ди анэм, - 1944 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-рщ, унагъуэр хэкум драшыным зы сыхьэт фIэкIа имыIэжу». Абы щыгъуэ гъэр хъуа сэлэтыр и Хэкум епцIыжауэ къалъытэрт, и унагъуэм щыщу зыри къамыгъанэу, цIыкIуи ини зэщIакъуэрти дашырт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, ди жылэм щыпсэу куэди я гъусэу, унагъуэр къыщыщIидзащ Къэзахъстаным и Жамбыл областым щыIэ Шу (нэхъапэм Чу) станцым. МащIэ гугъуехьрэ бэлыхьрэ я нэгу щыщIэкIа а хамэ щIыналъэм цIыхухэм...

Зауэ нэужь лъэхъэнэри зыкIи нэхъ тыншу щытакъым. Махуэ къэс, мазэ къэс, илъэс къэс псори зыпэщIэтар кIэ зимыIэж лэжьыгъэ хьэлъэрщ. А зэман гугъуми къикIащ унагъуэр.

Къущхьэхэ я унагъуэр зэрыбынибл хъурти, зи Хэкум ирамышу къэнахэр ди анэм и шыпхъу нэхъыжьхэу Сэлыхурэ Пагуэрэт. Ахэр абы щыгъуэ унагъуэ ихьакIэт, сабий цIыкIухэри яIэт.

А псори зи нэгу щIэкIа унагъуэм 1956 гъэм я насыпыр къекIэрэхъуэкIащ. «Щхьэкlуэ зышэч щхьэ шхыгъуэ йохуэ» жыхуаIэрати, а илъэсым унафэ къыдэкIащ гъэру яубыдахэм я унагъуэхэм я Хэкум къагъэзэжыну хуиту. ПIалъэ дэмыкIыуи щалъхуа щIыналъэм къэкIуэжащ куэд. А зэманым ирихьэлIэу ди анэм еянэ классыр Къэзахъстаным къыщиухакIэт.

Зэман куэд дэмыкIыу ди анэр унагъуэ ихьащ. Ар Быфхэ я нысэ хъуащ. Гугъуехьыр тIуащIэу, щащIэу зыгъэва цIыхубз цIыкIум сыт хуэдэ Iуэхуми зыщидзейртэкъым. А псори къызыхуэтыншэрэ псалъэмакъыншэу зэригъэзащIэм папщIэ нысащIэм хуабжьу къыхуэарэзыт и гуащэри.

Ди адэ Быф Мухьэмэдрэ ди анэ Женярэ бынипл зэдагъуэтащ: хъыджэбзитIрэ щIалитIрэ. Зэакъылэгъуу, зым Iэпыхур адрейм къищтэжу дызэдапIащ дэ абыхэм. ЩIэныгъэрэ фIыуэ тлъагъу IэщIагъэри дагъэгъуэтащ. Зэдэлъхузэшыпхъухэм къытхэтщ егъэджакIуи, дохутыри, инженер-механики, инженер-ухуакIуи. Адэ-анэм дызэрагъэсам хуэдэу дызэрыпсэуным дэтхэнэри дыхущIокъу, щыуагъэ зэрыдмылэжьыным, нэхъыжьхэм дагъэлъагъуу щыта щапхъэхэм дызэрытетыным иужь диту. Мы зыри щIызгъужыну сыхуейт. Къытхыхьа нэрыбгэ цIыкIуитIри унагъуэ хъарзынэхэм къахэкIащ. Ди нысэхэм ящыщу зыр егъэджакIуэщ, адрейр дохутырщ.

ИщхьэкIэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, зэрыбынибл хъурт ди анэм къыдалъхуахэр. Иджыпсту къэнэжар ди анэмрэ и шыпхъу нэхъыщIэ Жылау Аслъыжанрэщ. Алыхьым долъэIу ахэр иджыри куэдрэ тхуигъэпсэуну.

Куэд щIакъым къыщалъхуа махуэр ди анэм зэрыхуэдгъэлъапIэрэ. Абы и ныбжьыр илъэс 90 ирикъуащ. И бынхэр, абыхэм я унагъуэхэм исхэр, и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, и къуэрылъху-пхъурылъхухэр, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэхэр – псори гуапэу ехъуэхъуащ ди анэ лъапIэм. Хъуэхъуу хужаIар Алыхьым къабыл ищI. УдинэхъыжьыфIу, иджыпсту узэрыщытым нэхърэ нэхъыкIэ умыхъуу, узыншагъэ, гукъыдэж, насып уиIэу Алыхьым иджыри куэдрэ утхуигъэпсэу, мамэ!»

ГъащIэ дахэ, купщIафIэ, екIу къэзыгъэщIа Быф (Къущхьэ) Женя Темболэт и пхъум, анэ гумащIэм, анэшхуэ IэфIым, нанэшхуэ гуапэм, адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэм, ди гуапэу дэри дохъуэхъу и махуэщIымкIэ. И сабиигъуэм, щIалэгъуэм и нэгу щIэкIа гугъуехьхэмрэ щыщIэныгъэмрэ и гур ирамыуду, гъащIэр, цIыхур фIыуэ зылъагъуу, быным, абыхэм къащIэувэ щIэблэм я ущиякIуэрэ чэнджэщэгъу Iущу, унэтIакIуэрэ гъуэгугъэлъагъуэу яIэм дохъуэхъу и узыншагъэрэ и гуащIэрэ мыкIуэщIу, къэзыухъуреихьхэм я насыпым и псэр игъэнэхурэ и гум ехуэбылIэу куэдрэ псэуну.

«Мамэ» псалъэр иджыри куэдрэ гуапэу зэхэзыхын Алыхьым уищI, Женя.

ТАМБИЙ Линэ.

Тезырхэр щрахьэкI щIыпIэхэм

ЗэIущIэхэр

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIа брифингым щытепсэлъыхьащ 2024 гъэм я лэжьыгъэм кърикIуахэм, къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр щагъэнэIуащ.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихри, Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Демидов Александр къыхигъэщащ я IэнатIэм и лэжьыгъэр ягъэтIысахэр зэраIыгъ щIыкIэр егъэфIэкIуэным, абы папщIи Iэмал имыIэу зэфIэхыпхъэхэм зэрыхуэунэтIар. 2024 гъэм санитар, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ хабзэм къигъэувхэм япкъ иткIэ зыхуэныкъуэ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр IуэхущIапIэ зыбжанэм щрагъэкIуэкIащ.

– УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм язщ тутнакъхэм медицинэ IуэхутхьэбзэхэрI яхуэщIэныр. Тезырхэр щрагъэпшыныж колонием медицинэ часть иIэщ, ИК-3-м хэтщ ягъэтIысахэм щеIэзэ сымаджэщ, ари зыхуей хуагъэзащ. УФ-м и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ кодексым ипкъ иткIэ, ягъэтIысахэм Iэмал яIэщ я хабзэр, я диныр зэрахьэну. Арaщи, тезырхэр щагъэзэкIуэж IуэхущIапIэхэм къыщызэрагъэпэщауэ щолажьэ мэжджытхэр, члисэхэр, – жиIащ Демидовым.

БлэкIа илъэсым ирагъэфIэкIуащ ягъэтIысахэр щагъэлажьэ IэнатIэхэр. Колоние №4-м и дэрбзэр цехыр зыхуей хуагъэзащ. УФСИН-м и унафэщIым къызэрыхигъэщащи, гулъытэ хуащI щIыхуэ ятелъу ягъэтIысахэм ар зытрагъэкIыжынми. КъыщIагъэкI хьэпшыпхэмрэ ящIэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ проценти 10-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуам и фIыгъэкIэ хагъэхъуащ ягъэтIысахэм я мазэ улахуэм. Абы Iэмал къитащ щIыхуэхэм я процент 34-р япшыныжыну икIи ягъэтIысахэм ящыщу щIыхуэ зытелъыжхэр нэхъ мащIэ хъуащ.

Тезырхэр щрахьэкI щIыпIэхэм хуит ямыщI хьэпшыпхэр дахьэну зэрыхэтым къишэ гугъуехьхэми щытепсэлъыхьащ зэIущIэм.

Демидовым республикэм щыпсэухэм ягу къигъэкIыжащ апхуэдэ зылэжьхэм административнэ, уголовнэ жэуап зэрахьынур.

2025 гъэм къапэщытхэм я гугъу щищIым, унафэщIым къыхигъэщащ къалэн нэхъыщхьэр - ар я IуэхущIапIэхэм хабзэр щыгъэбыдэнырщ, я нэIэ щIэт IэнатIэхэм щIапхъаджагъэр щыгъэмэщIэнырщ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ щыпэщIэтынырщ.

УФСИН-р хэтщ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумрэ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ гъэлъэпIэным теухуа Iуэхухэм. Управленэм и унафэщIым къыхигъэщащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьэгъухэм я фэеплъыр мыкIуэдыжыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

АдэкIэ псалъэмакъым къыпащащ управленэм и унафэщIым и къуэдзэхэу Никитин Николайрэ Абазэ Аслъэнрэ.

Никитиным зэрыжиIащи, ведомствэр япыщIащ цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ центрхэм, хуит хъуж дэтхэнэми IэнатIэ иIэн папщIэ. Апхуэдэу, суд унафэкIэ тезыр зытралъхьахэм щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зрагъэгъэгъуэтыну хуагъэлъагъуэ, абы IэщIагъэ хэха щрагъэгъуэт курсхэри хыхьэу. ЯгъэтIыса дэтхэнэми программэ щхьэхуэ иIэщи, ар щхьэхуит хъужа иужькIэ ират щыпсэу щIыпIэм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэм. Апхуэдэхэр дэтхэнэ районми щыIэщ. Хуит къыщащIыж дыдэм ирихьэлIэу дэIэпыкъуныгъэ хуэмыныкъуамэ, цIыхум инспекцэм зыхуигъазэ хъунущ мазихым къриубыдэу.

ЯгъэтIысахэм ядэлажьэ хъунущ зы мазэм щыщIэдзауэ илъэсым нэсыху. Къэпсалъэм къызэрыхигъэщащи, 2024 гъэм УФСИН-м дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэу зыкъыхуагъэзащ цIыхуи 184-м икIи дэтхэнэми зыщIагъэкъуащ. ЗэрыжиIащи, IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ центрхэм ядэлажьэныр республикэм и уголовнэ юстицэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и зы унэтIыныгъэщ, къытрагъэзэжу хабзэм ебэкъуэныр къэмыгъэхъуным, хабзэм ебэкъуахэр жылагъуэм екIуу яхэзэгъэжыным ехьэлIауэ.

Абазэ Аслъэн зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ суд зытращIыхьахэр IэнатIэкIэ къызэрызэрагъэпэщымрэ я лэжьыгъэр зэрырагъэфIакIуэмрэ. Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм хьэпшыпхэр къыщыщIагъэкI, Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щащIэ и IуэхущIапIиплIым къыщызэрагъэпэщащ ягъэтIысахэр щагъэлажьэ центрхэр. УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр дэн-бзэнырщ, гъущIым, пхъэм елэжьынырщ, мэкъуэмэш хозяйствэрщ, унэлъащIэхэр гъэхьэзырынырщ. А IэнатIэхэм щолажьэ ягъэтIысахэм я процент 70-р, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм къыщIэупщIэм илъэс къэс къызэрыхэхъуэм къыхэкIыу а бжыгъэри докIуей.

– Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэщ ягъэтIысахэр лэжьыгъэм хуэгъэсэныр. 2024 гъэм къыщIэдгъэкIащ сом мелуани 142-рэ и уасэ продукцэ. Нобэм тепщIыхьмэ, мы гъэм сом мелуани 127-м щIигъум и уасэ дгъэхьэзырыну зыкъытхуагъэзащ, – къыхигъэщащ Абазэм.

УФСИН-м и унафэщIхэм жаIащ 2025 гъэм къапэщыт къалэнхэр тэмэму зэрагъэзэщIэфынум шэч къызэрытрамыхьэр. ЗэIущIэм и кIэм абыхэм журналистхэм я упщIэхэм жэуап иратащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Фэтэр Iэхуитлъэхуитхэр

Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм къат куэду зэтету щаухуэ унэхэм хэт фэтэрхэм я инагъкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Ингушым, Шэшэным, Осетие Ищхъэрэ – Аланием я гъусэу, къэралым щынэхъыфIитхум хохьэ.

ЕРЗ.РФ-м (Къэралым и ухуэныгъэ IуэхущIапIэхэм зыуэ щыт я ресурс) и интернет гуэдзэным къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 2024 гъэм и гъатхэпэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуа фэтэрхэм я инагъыр ику иту метр зэбгъузэнатIэ 61,1-рэ хъуащ. Апхуэдэуи, экспертхэм къызэралъытамкIэ, ди щIыналъэм и псэупIэ IэнатIэм инвестицэ ахъшэ хэплъхьэныр фейдэ зыпылъ унэтIыныгъэщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым псэупIэу псори зэхэту щаухуащ метр зэбгъузэнатIэ мин 610,8-рэ икIи ар проценти 9,2-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым яхузэфIэкIам нэхърэ.

ЖыпIэнурамэ, Налшык, Бахъсэн, Май, Шэджэм къалэхэм, Щхьэлыкъуэ, Октябрьскэ, Нартан, Лесное, Учебное, Виноградное жылэхэм нэгъабэ щаухуащ къат куэду зэтет унэу 141-рэ, псори зэхэту фэтэр Iэхуитлъэхуит 3694-рэ хъууэ. Абыхэм псоми зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 240,9-рэ яубыдащ. Унагъуэхэм псэупIэу яухуащ 2725-рэ, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 369,9-рэ хъууэ.

Республикэм нэгъабэ щрагъэкIуэкIа ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм сом мелард 43,6-рэ хуэзащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Рейтингхэр

Пашэхэм дахохьэ

«Плъыр щхъуантIэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм иджыбагъэ наIуэ къищIащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм экологиемкIэ я лъэпкъ рейтингыр. Абы къызэщIеубыдэ 2024 - 2025 гъэхэм я щIымахуэм щыIа экологие щытыкIэр.

РЕЙТИНГЫР зэхагъэувэн щIадзащ 2007 гъэм икIи 2008 гъэм щегъэжьауэ абы къурикIуахэр наIуэ ящI хъуащ. Иджырей къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр абы щыдэкIуэтеящ икIи къэралым 4-нэ увыпIэр щиубыдащ. Ди республикэм япэ итщ Алтай республикэр, Мурманск областыр, Мэзкуу къалэр.

Экспертхэм къапщытащ щIыналъэхэм щIыуэпсыр хъумэнымкIэ щекIуэкI лэжьыгъэхэр зыхуэдэр, абыхэм я социально-экологие, промышленно-экологие индексхэр. Ди республикэм нэхъыбэ дыдэу къыхуэхьыну баллы 100-м щыщу 85-р хуагъэуващ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым иIар балл 81-рэщ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэгурыIуэныгъэр я плъапIэу

США-м и президент Трамп Дональд жиIащ Украинэм теухуауэ зэгурыIуэну зэрыщыгугъыр, Урысейри абы зэрыхуэхьэзырыр и фIэщ зэрыхъур.

«Украинэ зэныкъуэкъум къикIыным хуэгъэза зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэным щхьэусыгъуэ хуэхъун Iэмал сиIэщ сэ, - жиIащ Трамп Дональд журналистхэм щепсалъэм. - Сэ сыхуейщ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир зи ужь дихьа Iуэхур и кIэм зэрынигъэсыр слъагъуну. Согугъэ къызжиIа псалъэр игъэпэжыну икIи зэгурыIуэныгъэмкIэ абы къыпэщылъ къалэныр игъэзэщIэну».

НэхъапэкIэ Америкэм и унафэщIым къигъэлъэгъуащ украинэ зэныкъуэкъур мамырыгъэкIэ зэфIэхынымкIэ Москва лъэбакъуэ имычмэ, урысей щIыдагъэм етIуанэу санкцэ зэрытрилъхьэнур. «Урысейм и щIыдагъэр къэзыщэхухэм США-м хьэрычэт Iуэху щызэредгъэхуэнукъым», - жиIащ абы.

ХабзэщIэхэр къыхалъхьэ

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав и телеграм-напэкIуэцIым къыщигъэлъэгъуащ мэлыжьыхь мазэм къару зыгъуэт хабзэхэр.

Урысейм къэIэпхъуахэм я сабийхэр урысыбзэ ямыщIэу еджапIэхэм щIагъэтIысхьэнукъым. «Ахэр школхэм щIэтIысхьэным ипэ къихуэу, хабзэм ипкъ иткIэ, къэралым щыIэну иIэ хуитыныгъэмрэ урысыбзэр зэрищIэмрэ Iэмал имыIэу къапщытэнущ», - къыщигъэлъэгъуащ Володиным и тхыгъэм. УнафэщIым и псалъэхэм къызэрыхэщымкIэ, абы мыхьэнэшхуэ иIэщ сабийр зыхыхьа гупым тыншу хэзэгъэнымкIэ, еджэным ехъулIэнымкIэ, и ныбжьэгъухэмрэ егъэджакIуэхэмрэ хуиту ягурыIуэу ядекIуэкIынымкIэ.

Телефонхэр къагъэсэбэпу цIыхухэр къэзыгъапцIэхэм зэрапэщIэт унафэщIэми лэжьэн щIидзэнущ. Иджы зы цIыхум сим-картэ 20 нэхърэ нэхъыбэ игъэлэжьэну хуитыныгъэ иIэнукъым. Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр щызэфIах порталым уи цIэкIэ ятха сим-картэхэр къыщыпщIэфынущ. «А Iэмалхэр сэбэп хъунущ кибергъэпцIакIуэхэм я мурадхэр къызэпыудынымкIэ», - къыхигъэщащ УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщIым.

Сабийхэм зыщагъэпсэху лагерхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ зыуэ щыт программэм тету я Iуэхур гъэпсауэ щытынущ. Абы ипкъ иткIэ къытщIэхъуэ щIэблэм хабзэр ящIэу, псэкупсэ лъапIэныгъэхэр ялъытэу къагъэхъунущ. Гулъытэ щхьэхуэ хуащIынущ Хэкум и хъумакIуэхэмрэ лэжьыгъэмрэ пщIэ хуегъэщIыным.

Мэлыжьыхьым и 3, *махуэку*

♦ГуфIэгъуэ пшыхьым и дунейпсо махуэщ

♦**1963 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуий Щыхьымбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 13 - 16, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 4, *мэрем*

♦**Интернетым и дунейпсо махуэщ**

♦**Компьютерыр зэтезыухуэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1933 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я оргбюро къызэрагъэпэщащ.

♦**1896 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм я къекIуэкIыкIам теухуа лэжьыгъэ куэд зиIа, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Кокиев Георгий**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, Абхъаз Республикэм и етIуанэ президенту щыта, АР-м и ЛIыхъужь **Бэгъэпщ Сергей**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емыжь МулиIэт**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтын и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къумыкъу Iэуес**.

♦**1980 гъэм** къалъхуащ дунейм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион **Нартокъуэ Аслъэн**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 – 17, жэщым градуси 8 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ IущыгъэI:

Щхьэж хуэфащэ и щауэгъуэщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Абыхэм ефыгъуэн хуейкъым

• Пенсэхэр

Мэлыжьыхьым и 1-р Гушыlэхэм я махуэу щытащ. Ауэ къэралыр зэи гушыlэркъым: а махуэм Урысейм социальнэ пенсэхэр зэуэ процент 15-м нэскlэ (14,75-кlэ) щыдэкlуеящ. Слlожь, лъабжьэ диlэщ апхуэдэ пенсэ лlэужьыгъуэ зрит цlыху мелуани 4,2-м дехъуэхъуну. Арщхьэкlэ мыбы зы укъэзыгъэуlэбжь хэлъщ.

ФИГУ къэдгъэкlыжынщи, цlыху къызэрыгуэкlхэм я пенсэхэр УФ-м тlууэ щызэщхьэщокl - страховойрэ социальнэу. Япэрейр зыlэрыхьэ цlыху мелуан 38-м я пенсэхэхэр индексацэ зэращlар процент 9,5-рэ къудейкlэщ. Аращ куэдыр къэзыгъэуlэбжьари. Щхьэ апхуэдизу зэщхьэщыкlа а бжыгъитlыр? Ар захуагъэ?

Iэщlагъэлlхэм къызэралъытэмкlэ, нэгъуэщlу хъунутэкъым. Мы зэманым етlуанэ пенсэ лlэужьыгъуэ зратхэм ику иту яlэрохьэ сом мин 15-рэ 456-рэ. Ар хуокlуэ уэпсэун папщlэ нэхъ мащlэ дыдэу узыхуейуэ Урысейм щагъэувам. Законым идэркъым пенсэр абы ищlагъ къехыу - арыншамэ, хущlагъун хуейщ. Кlэщlу жыпlэмэ, узэхъуэпсэн щыlэкъым. Ауэ сыт страховой пенсэ къэзылэжьахэм я мыарэзыныгъэр къызыхэкlыр.

Мыбдеж къыщыдгъэлъэгъуэн хуейщ социальнэ пенсэ зритыр хэт сымэми. Ахэр илъэс 25-рэ хъууэ яlэн хуей лэжьыгъэ стажыр зэзымыгъэпэщыфахэрщ, нэгъуэщlу жыпlэмэ, къэрал lуэхущlапlэ пэрымыту, зыхэпсэукlыр мыгурыlуэгъуэу къекlуэкlащ. Апхуэдэу социальнэ пенсэ хуагъэув гуп псоми хыхьэ ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэм, апхуэдэу зи адэ-анэхэм ящыщ зыр е тlури зыщхьэщымытыж сабийхэм.

Страховой пенсэхэр сыт щыгъуи нэхъ инщ социальнэм нэхърэ. Ар, дауи, апхуэдэуи щытын хуейщ: къалэжьащ пщlэнтlэпсклэ, махуэ къэс я къалэнхэр ягъэзащlэу илъэсипщl бжыгъэкlэ ирахьэкlа лэжьыгъэмкlэ. Абыхэм я мыарэзыныгъэр къэзышэри дахэ-дахэу Iэнатlэ lумытахэм пенсэхэр зэраритыркъым: ахэри къэралым и цlыхущ икlи абы и нэlэ апхуэдэхэми ятригъэтын хуейщ (ныкъуэдыкъуэхэм я гугъу тщlыххэркъым). Зи гугъу тщlыр ди къэралым щрагъэкlуэкl пенсэ реформэм хэлъ щыщlэныгъэхэрщ.

Псом япэу езы индексацэр зэрыгъэува щlыкlэм и гугъу тщlынщ. Ар зытещlыхьар блэкlа илъэсым инфляцэр зэрыщытам теухуауэ статистикэм къитарщ. Арщхьэкlэ нэгъабэреймрэ мыгъэреймрэ зэрызэщхьэщыкlыр хэт и дежкlи гурыlуэгъуэщ. Мис а статистикэ дыдэр тегъэщlапlэ пщlымэ, 2025 гъэм и щlышылэм абы зиlэтащ процент 1,23-кlэ, мазаем нэхъ мащlэlуэу - процент 0,81-кlэ. Зэ еплъыгъуэкlэ. бжыгъэшхуэ хуэдэкъым. Арщхьэкlэ зэхэплъхьэжмэ, нэрылъагъу мэхъу, илъэсым кърихубыдэу ар проценти 10-м зэрыщхьэдэхар. Экономикэм и хабзэхэм ятепщlыхьмэ, абы нэсамэ, инфляцэр пщыркъым, атlэ щlэпхъуэнущ. Пэжщ, Iэщlагъэлlхэм дыкъагъэгугъэ, илъэсым и зэхуэдитlым ирихьэлlэу ар ехыжыну, ауэ жыыкlэфэкlэхэм я дежкlэ дэтхэнэ махуэми мыхьэнэ иlэщ. Абы щыгъуэми, гурыlуэгъуэщ Банк Нэхъыщхьэм инфляцэр проценти 4-м нэсу ириудыхыну зыхуигъэувыжа къалэным дэ мы гъэм и мызакъуэу етlанэгъи дызэрылъэмыlэсыфынур.

Арщхьэкlэ инфляцэр псоми къажьэхоуэ, аракъым е абы и закъуэкъым lуэхур здэщыlэр. Лажьэ пенсионерхэм кlэлъызэрахьа мызахуагъэрщ зи гугъу тщlыр. Иджы абы псори топсэлъыхь. Ауэ зэхъуэкlыныгъэ гуэри тлъагъуркъым.

2016 гъэм Iэнатlэ пэрыт пенсионерхэм я пенсэхэр индексацэ ящlын пlалъэкlэ ягъэувыlауэ щытащ экономикэ lуэхухэр зэрырагъэфlэкlуэжыну ахъшэ къыдагъэхуэн мурадкlэ. Ауэ а «пlалъэр» илъэси 9 енкlэ зэпыша хъуащ икlи захуагъэр щызэфlагъэувэжар 2025 гъэрщ. А зэман псоми нэгъуэщl пенсионер лlэужьыгъуэхэм я пенсэхэр индексацэ ящlащ. Икlи, зэрыгурыlуэгъуэщи, зыхуэмыгъэхъуахэм яlэрыхьэхэм ялъэщlыхьэжащ е гъунэгъу хуэхъуащ. Уегупсысмэ, абыхэм я пенсэхэм я индексацэр трагъэувэн хуейт ар 2016 гъэм зэпамыгъэуамэ, зэрыщытын хуеям. Блэкlа илъэси 9-м яфlэкlуэдар зыми къаритыжынукъым, ауэ а лъагапlэм къыщыщlадзэж хъунутэкъэ мыгъуэр зи мыгъуа индексацэм? Иджы езыхэр хущlокъу зэрыхуа къапхъэным къикlыным, лэжьапlэ lуокl, я пенсэхэр кърагъэбжыкри, къоувыж. Ауэ мыбы лъэпощхьэпохэм ущрохьэлlэ, псори законым зыкlи емыбакъуэми. Япэрауэ, уи унафэщlхэм уагурыlуэн хуейщ укъагъэувыжыну. Къагъэгугъэу къагъэпцlэжхэри мащlэкъым - уи лэжьапlэм иlэ щlэупщlэми елъытащ. Пэжщ, лэжьакlуэхэр Iэнатlэхэм къемщlэкl зэрыхъум и фlыгъэкlэ щытыкlэм зызэрехъуэкl, ауэ сыт дэпщыпlэхэр къэплъыхъуэн щlыхуейр?

Абы егупсысын хуейр пенсэ реформэ езыгъэкlуэкlхэщ. Лажьэ пенсионерхэм я пенсэхэр индексацэ ящlын зэрыщlадзэжар хъарзынэщ (зы мазэм зэрыхэхъуа сом мин зытlури уафэм къехуэхыркъым), ауэ къатехьа лейр ягъэзэжкlуэжын папщlэ ар мащlэlуэщ. Мы зэманым къыхалъхьэ захуагъэр зэрызэтрагъэувэжыфыну къалъытэ lуэхухэр. Ар хъарзынэщ.

Ауэ социальнэ пенсэ зратхэм зыри ефыгъуэн хуейкъым. Ахэр щхьэусыгъуэ зэмылlэужьыгъуэхэм я зэранкlэ дэхуэха цlыхухэрщ. Апхуэдэхэр сыт хуэдэ зэманми дэтхэнэ къэралми щыlэщ. Ахэри псэун хуейщ. Дэ зи гугъу тщlыр нэгъуэщlщ.

• Ар зэрыщытар

Сыт Европэр къыщIедгъэлар?

США-м президентыр щызэрахъуэкlа иужь белджылы хъуащ: Урысейм и нэхъ жагъуэгъу дыдэ къэралхэр здэщыlэр Европэрщ. Ахэр хуейкъым Украинэм щекlуэкl зауэ lуэхухэр ягъэувыlэну икlи иджыри къыпыкlакъым ди къэралым и лъэр щlиудыным хуэгъэза и мурадым, ар зэрыделагъэр къагурыlуа пэтми. Инджылызымрэ Франджымрэ зи пашэ къаруущlэ зэщlагъэуlуэну хущlокъухэр.

ТЕГЪЭЩIАПIЭ ящlри Урысейм къыбгъэдэкl «шынагъуэрщ». Ар зэрынэпцlыр апхуэдизкlэ нэрылъагъущи, утепсэлъыхьынуи къилэжьыркъым. Ауэ къагъэсэбэп. Мыбдежым щащыгъупщэж иджы къыхуэдзэлашхэ къэралхэм ящыщ куэд илъэс 80 ипэкlэ СССР-м фашизмэм и пщылlыпlэм къызэрыришыжар, къызэфlэувэжынымкlэ абыхэм зэрызащlигъэкъуар. Совет Союзыр мыхъуамэ, ахэр хэкlуэдэжыпат.

Бжыгъэхэм къаlуатэ: Етlуанэ дунейпсо зауэм и зэманым совет зауэлlхэм псори зэхэту цlыху мелуани 113-рэ щыпсэу къэрал 11 фашист Германиемрэ милитарист Япониемрэ къыlэщlагъэкlыжащ. Абыхэм ящыщу 9-р Европэм щыщхэщ. Ахэр хуит къэщlыжыным теухуа зауэзэрылlхэм совет зауэлl зы мелуаным нэблагъэ хэкlуэдащ. (Польшэм щхьэкlэ екlуэкlа зауэхэм цlыху мин 600-м щlигъу).

Иджы щlэупщlэхэр щыlэщ: сыт апхуэдиз хэщlыныгъэ зригъэгъуэту Дзэ Плъыжьым Европэр хуит къыщlищlыжар? Ар лъы зыхуагъажэхэм яхуэдэт? СССР-м и щlыналъэм зэрыпхъуакlуэхэр ирихужа иужь адэкlэ мыкlуатэу щхьэ и гъунапкъэхэм къыщызэтеувыlэ мыхъуарэ?

А упщlэхэм я жэуапхэр къэбгъуэтыну гугъукъым. Япэрауэ, и гъунапкъэхэм деж къыщызэтеувыlэжыным къикlыр ди Хэкур зэхэзыфыщlа, ди цlыхухэр зэтезыукlа бзаджэнаджэхэм мамырыгъэ епщlылlэнырт. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ныкъуэлlэ хъуа бийр къызэрызэщlэрыуэжу дищlхэм къаруущlэкlэ аргуэру къеlэнут. Гитлер зэи ибзыщlакъым Къуэкlыпlэм и къулеигъэхэм зэрыхуэпабгъэр икlи ахэр зыlэригъэхьэныр и гъащlэ мураду зэрыщытыр. Ар аргуэру къебгъэрыкlуэнут, атом lэщэ ищlыным гъунэгъу зэрыхуэхъуар къэплъытэмэ, нэхъри нэхъ къару шынагъуэкlэ. Ар къэбгъэхъункlэ lэмал зимыlэт.

Етlуанэрауэ, Совет Союзым къыщыгугъырт Ещанэ рейхым пщылlыпlэ иригъэува къэралхэм щэхууи нахуэуи фашистхэм къащыпэщlэтхэр-зыпэщlэсэныгъэм хэтхэр, партизанхэр. Цlыху мамырхэми плъапlэу яlэр арат. Икlэм-икlэжым нэмыцэlуэхэм къишыжын хуейт ди хэкуэгъухэри яхэту никъуэлlэ хъуауэ щаlыгъ гъэр минищэхэр. Абыхэм нэгъуэщl гугъапlэ яlэтэкъым.

Къыхэгъэщхьэхукlын хуейщ Дзэ Плъыжьым къихь текlуэныгъэхэм сыт щыгъуи дунейпсо мыхьэнэ зэраlари. Нэгъуэщlу жыпlэмэ, абы хуит къищlыж къэралхэм къащыкъуэувэрт езыхэм lэщэкlэ зэщlэузэда я къарухэр. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунщ Польшэм и Дзэр, Югославием и Цlыхубэ-щхьэхуитщlыжакlуэ армэр, япэ чехословак армэ корпусыр. Зауэм и кlэухым фашистхэм япэщlэувэжащ нэхъапэм абыхэм ядэзэуа румынхэм, болгархэм я дзэхэр, Венгрием и къарухэм ящыщхэр. Европэм и къэрал зыбжанэм я партизанхэми бийм хэщlыныгъэхэр иратащ.

Хуит къащlыжа къэралхэм хуабжьу гуапэу къыщыlущlащ ди зауэлlхэм. Ар къэзыгъэлъагъуэ сурэт, кинолентl куэд тхыдэм къыхэнащ.

Арщхьэкlэ щlэуфэн хуейкъым Дзэ Плъыжьыр зи нэхэм къыщlэуэхэри зэрыщыlар. Ахэр езыхэм я хэкур зыубыда нацистхэм lупэфlэгъу яхуэхъуахэрт, зэрыпхъуакlуэхэм задезыгъэкlухэрт. Апхуэдэхэм яхузэфlэкl къагъанэртэкъым ебгъэрыкlуэ ди зауэлlхэм лъакъуэпэщlэдзхэр къыхуащlын папщlэ. Зэгуэр ди къэралым щытепсэлъыхьу щытакъым зи щlыбхэр къэзыгъэза ди зауэлlхэм къеуэу щыта апхуэдэхэри зэрыщыlам. Арщхьэкlэ дэфтэр щэхухэр къызэlуахыжа иужь псори я пlэ иувэжащи, цlыхухэм пэжыр ящlэн хуейщ.

Абы къыдэкlуэу нэхъ убгъуауэ тепсэлъыхьын хуейщ хуит къищlыжа къэралхэм сыт и лъэныкъуэкlи СССР-р зэрадэlэпыкъуар. Икlи, дауи, псом япэу ерыскъыкlэ: совет зауэлlхэм езыхэм я гъэтlылъыгъэ хьэжыгъэхэмкlэ ягъэжьа щlакхъуэхэр хуагуэшырт цlыхухэм. Иужькlэ СССР-м и правительствэм а къэралхэм яхуригъашащ гуэдз, нэгъуэщl ерыскъыхэкlхэри. Абы щыгъуэми, гурыlуэгъуэт зи щlыналъэм щыщ lыхьэхэр бийм иlыгъа, илъэси 4-кlэ зауэ хьэлъэхэр езыгъэкlуэкlа Совет Союзым езыми гъавэр хуабжьу къызэремэщlэкlыр.

Властыр lэрыхьа иужь Гитлер зэхилъхьат иубыдыну щlыналъэхэм щызекlуэну хабзэхэр. Ахэр хьэкlэхъуэкlагъэ дыдэт икlи зыхуэгъэзари лъагъумыхъуныгъэрт. Псынщlэу къыщебгъэрыкlуэ 1941 гъэм и гъэмахуэм а мурадыр фlэкlыпlэ имыlэу ягъэзэщlэн планым хуэкlуат: Европэм къыщыщlэдзауэ Уралым нэсыху Ещанэ рейхым къыщызэригъэпэщынут зауэм къыщыхэжаныкlа нэмыцэ генералхэр зи унафэщlу щытыну къэралибл. Абыхэм щыпсэунут нэмыцэхэм я lупэфlэгъу нэхъ къапыщlа лъэпкъхэр. Ауэ lэщэ зезыхьэнуи, дзэ зиlэнуи хуитынур езы нэмыцэхэм я закъуэт. Абыхэм яхэмыхуа нэгъуэщl лъэпкъхэр псом япэу яхуэпщылlын хуейт Германие империем. Ахэр къызыхуигъэщlауэ щытынуращи, ирагъэджэнукъым, щэнхабзэм лъагъэlэсынукъым, дохутыр lуэхутхьэбзэхэм пагъэкlынущ. Гурыlуэгъуэщ мылъкум и сыт хуэдэ лlэужьыгъуи зэрамыlэнур.

Мис апхуэдэ хьэкlэкхъуэкlэ хабзэхэр тегъэщlапlэ ящlурэ, зэрапхъуэрт яlэрыхьэ псори, цlыху узыншэхэр Германием щылэжьэну яшэрт. Цlыху мамыр мелуанхэр пщылlыпlэ иуват, нэмыцэlуэхэм ирагъэлlыхь зауэлl гъэрхэу бжыгъэкlэ абыхэм къакlэрымыхухэм я гугъу умыщlыххи.

Ахэр хуит къэщlыжыныр цlыхугъэм егъэщlылlа къалэн лъапlэт икlи СССР-м ар щlыхь пылъу игъэзэщlащ. Икlи хэт сыт хуэдизу хущlэмыкъуами, тхыдэм ар зэи хэкlыжынукъым.

Политикэм зехъуэж, ауэ тхыдэм зэи зихъуэжынукъым - ар зэрыщытауэ къонэж!

• Щlэныгъэ

И пэжыпIэр къатIэщI

Индоевропеибзэхэм лъабжьэ яхуэхъуар щlэныгъэм къыхуэмыхутэу нобэм къэсащ. А lуэхугъуэм европей къэралыгъуэхэм я динырылажьэхэм деж къыщыщlэдзауэ археологхэм деж щиухыжу иригузавэрти, я бзэр зрамыпха пасэрей лъэпкъыжь щыlэжу къыщlэкlынкъым. Апхуэдэу, католическэ члисэм ахъшэшхуэрэ лlэщlыгъуитlрэ тригъэкlуэдауэ щытащ адыгэр къызытехъукlыжа хьэт лъэпкъым Анадолэм щиухуа Хьэт къэралыгъуэр зэзыпхъуахэмрэ ахэр зыхэшыпсыхьыжамрэ индоевропей лъэпкъыжь хеттхэр араузэ игъэувыным, абы щыхьэт техъуэ гуэри «къитlэщlыным».

ЗЫХУЕИНУ псомкlи къызэригъэпэщурэ католическэ члисэм Азие Цlыкlум иутlыпща археологхэрщ, дауи, хьэтхэм я лъэужьым теувар. Ауэ я бзэмрэ къатlэщlа бзэмрэ щызэтемыхуэм, зыгуэр къагупсысын, а lуэхум трагъэкlуэда мылъкур ягъэпэжын хуейти, Тэурэтымрэ Инджылымрэ къахэщыж «ht» (хьэт) лъэпкъыцlэм къыщеджэкlэ хьэрф «е» дагъэувэну зэгурыlуэри, «хетт» индоевропей лъэпкъ нэпцlыр къэунэхуащ. Археологхэм зэрагъэпцlа lуэху еплъыкlэмкlэ, Къуэкlыпlэмкlэ къикlа индоевропей хеттхэм зэрапхъуащ адыгэ-хьэт лъэпкъыжьу Анадолэм щыlар, икlи а тlур хуэм-хуэмурэ зэхэшыпсыхьыжащ. Хьэтхэм тхыбзэ зэрамыlам къыкlэкlыу, я бзэм и фэеплъи къахуэгъэнакъым, ауэ хеттхэм я гъущlынэтхым нобэм къихьэсащ ди адэжь лъэпкъыр зэрыпсалъэу щыта бзэм щыщу псалъи 140-м хуэдиз.

Мы теориер дуней псом къыщызэдащтэри, ар яфlэпэжу нобэм къэсащ. Ауэ, илъэс 40 - 50 хуэдизкlэ узэlэбэкlыжмэ, щlэныгъэ дунейр къигъэтхытхыу тхыдэм къыхэтэджыкlыжащ пэжышхуэ – щыlакъым хеттхэр, ар европей щlэныгъэлlхэм я тхыдэр зыгуэрым гуатхэн папщlэ къагупсыса псалъэщ, щыlар хьэтщ, адыгэхэм я адэжьхэр... Икlи, зэхэзэрыхьа тхыдэр яхузэхэмыхыжу, и пэжыпlэр къахуэмытlэщlу, зыгуэрхэр зэхуэмыкlуэу, тхыдэм иlэ «кlыфlыгъэ» гуэрхэм lуэхур имыгъэкlуатэу нобэм къэсащ.

Арами, щlэныгъэ унэтlыныгъэ псо зытращlыкlа lуэхугъуэт. Уеблэмэ къэралыгъуэ зэхуэмыдэхэм «Хеттологие» кафедрэхэр къыщызэlуахри, щlэныгъэлl гуп щагъэхьэзырат. Ауэрэ къэунэхуащ хетт гъущlынэтхым адыгэ-абазэбзэкlэ къеджэ щlэныгъэлlхэр. Индоевропей хеттыбзэм адыгэбзэкlэ укъызэреджэ хъунур къагурымыlуэу, куэд щlэнэкlащ апхуэдэ щlэныгъэлlхэм. Абыхэм тхэн щlадза нэужь, хеттологхэми кlэрыхуащ, ауэ хэlущlыlу хъуа дунейпсо тхыдэр къыпхуитхыкlыжынутэкъыми, кафедрэхэр зэхуащlыжащ, lуэхур зэрыщытым хуэдэу къагъанэу зрамыгъэужьын папщlэ.

Хьэтхэм дакъытехъукlащ, Хьэт къэралыгъуэшхуэм дыщыщу щытащ – ар адыгэхэм зэрыжытlэр щхьэусыгъуэншэкъым. Абы щыхьэт техъуэ бзэ, тхыдэ, археологие къэхутэныгъэхэм къахэхъуэ зэпытщ. Ауэ индоевропей лъэпкъхэр къызытехъукlам пшагъуэ lувыр щхьэщыту нобэм къэсащ, индоевропей гъущlынэтхым адыгэбзэкlэ къызэреджэми и пэжыпlэр жэуапыншэт.

ЗэрыжаlэмкIэ, абы и жэуапыр иджы дыдэ къахутащ антропологиемкlэ Венэ щыlэ университетым и кафедрэм щылажьэхэмрэ Гарвард университетым пасэрей ДНК-мкlэ и лабораториемрэ зэщlыгъуу.

Зи гугъу тщlы еджапlитlым я щlэныгъэлlхэм яджащ пасэрей кхъэлэгъунэхэм къыщlахыжа хьэдэ 435-м я ДНК-р. Зэрыхуагъэфащэмкlэ, ахэр псэуащ ди лъэхъэнэм ипэкlэ илъэс 6400-2000-хэм. Икlи къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкlэ, Кавказ къуршым и ищхъэрэ лъэныкъуэм къыщыщlэдзауэ Индыл нэс я зэхуаку дэлъ щlыналъэм щыпсэуа лъэпкъыжьхэрщ индоевропей лъэпкъ псоми лъабжьэ яхуэхъужар! Герман, роман, славян, индоиран, кельт лъэпкъхэр къыздикlари къызытехъукlари пасэрей кавказ лъэпкъхэрауэ зэрыщытым теухуа тхыгъэшхуэ къытехуащ «Nature» журналым и иужьрей къыдэкlыгъуэм.

Нэхъапэlуэуи жаlат ди лъэхъэнэм ипэкlэ илъэс 3200 - 2600 гъэхэм хы Фlыцlэмрэ Каспиймрэ ищхъэрэкlэ щыlа ямнэ щэнхабзэм индоевропей лъэпкъхэр зэрырапхыр. А лъэхъэнэрщ тафэтесхэр къыщыунэхуари. Зэрыжаlэмкlэ, ямнэ щэнхабзэр зезыхьа лъэпкъхэр Европэмкlэ lэпхъуэурэ, иужьрей илъэс 5000-м зэтеубла хъуа европей геномыр абыхэм къапкърыкlауэ аращ. Индоевропеибзэхэм ирипсалъэхэмрэ абыхэм къакъуэжа къуэпсхэмрэ яджыжщ, иужьрей ДНК къэхутэныгъэхэр абы ирагъэпщэжри, щlэныгъэлlхэм къатlэщlащ лlэщlыгъуитlкlэ зылъыхъуар. Къищынэмыщlауэ, еджахэр иджыри зэ щыхьэт техъуащ анадолэ хьэтхэри ди лъэхъэнэм ипэкlэ 4500 - 3500 гъэхэм Кавказ Ищхъэрэм щыпсэуа лъэпкъыжьым зэрыщыщымрэ абыхэм я бзэмкlэ псалъэу зэрыщытамрэ. Абы и закъуэкъым, европейхэр къызытехъукlауэ жыхуаlэ ямнэ щэнхабзэм и процент 80-р къыздикlари Кавказ Ищхъэрэрщ. Ауэ щыхъукlэ, католическэ члисэм зыми щымыщу лlэщlыгъуитl тригъэкlуэдауэ аращ хьэт тхыдэр игъэкlуэду, хетт индоевропей лъэпкъ нэпцlым и тхыдэр къэгупсысыным. Къызэрыщlэкlымкlэ, хетт зыфlаща индоевропей зэрыпхъуакlуэхэр езы хьэтхэм я хамэтэкъым: я бзэкlи хабзэкlи зэблагъэт.

А пасэрей лъэпкъыжьхэр зэкъуэзычари, дунейм трипхъэу «хамэ» зэхуэзыщlыжари наlуэщ – илъэс мини 7,5-кlэ узэlэбэкlыжмэ къэхъуа псыдзэ шынагъуэрщ. А лъэхъэнэрщ ди адэжьхэр къетlысэкlауэ зыlуса Ахын гуэлым зиlэту, хы Фlыцlэр къыщыунэхуауэ щытар. Аращ адыгэ-хьэтхэр зэпэlэщlэ зыщlари, бзэ зэхуэмыдэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ къэунэхуным щхьэусыгъуэ хуэхъуари. Зэхамэ хъужыху зэрымылъагъуурэ къэзгъуэгурыкlуа лъэпкъыр, икlэмикlэжым, зэбий хъужащ...

Дауэ мыхъуами, щlэныгъэр щыхьэт техъуэу къатlэщlыжащ пэжышхуэ – ди лъэхъэнэм ипэкlэ 4400 гъэхэм ирихьэлlэу зыгуэр къэхъури, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэуа лъэпкъыжьыр икlащ, щхьэж здиунэтlыр и гъуэгуанэу. Иныкъуэр Анадолэм, адрейр къуэкlыпlэм, хэти къухьэпlэм, индоевропейхэр къызытехъукlыжа гупым ищхъэрэкlэ ягъазэри, лъэпкъыр зэфlэкlуэдащ.

- «CLV гуп» фlащащ пасэрей кавказ-индыл лъэпкъ жыхуэтlэу, тхыдэм и «лъэхъэнэ кlыфlыр» зыгъэнщlыжахэр. Ахэращ Кавказ Ищхъэрэм икlыу ищхъэрэкlэ зыунэтlахэр, индоевропей лъэпкъхэр къызытехъукlыжахэр. Ахэращ хеттыбзэ жыхуэтlэм ирипсалъэу щытари. Илъэс 200-кlэ щlэныгъэлlхэр зылъыхъуар мыращ – къэдгъуэтыжащ европейхэм я адэжьхэр, - жеlэ Венэ университетым и щlэныгъэлl Пинхаси Рон.

Ауэ щыхъукlэ, сроплъэж тхыдэми, си нэгу къыщlоувэ мыпхуэдэ теплъэгъуэ: нобэрей индоевропейхэр къызытехъукlа кавказ-индыл лъэпкъым щыщ гуп ищхъэрэкlэ lэпхъуэу лъэпкъ щхьэхуэ щыхъужа нэужь, илъэс мини 2 дэкlауэ, хым къокl, Хьэт къэралыгъуэр яухуауэ Азие Цlыкlум щыпсэу я къуэш лъэпкъым тоуэ, зрапхъуэри, зэхошыпсыхьыж. Дауи, илъэс мини 2-м къриубыдэу абыхэм я бзэм тlэкlуи зихъуэжауэ къыщlэкlынт, ауэ зэгурымыlуэу гугъу зэрегъэхьауи пхужыlэнукъым, сыту жыпlэмэ, нобэ тlурылъ адыгэбзэмкlэ укъоджэф тхыбзэ зиlа хеттхэм къащlэна гъущlынэтхым. Абы нэхъ щыхьэтышхуи ухуейкъым.

Хьэкъщ зэманымрэ лъэпкъитlым я зэхуаку дэлъа гъуэгуанэмрэ я зэранкlэ пасэрейхэр хамэ зэрызэхуэхъуар. А псор нэхъапэlуэ къызыгурыlуэу, гъущlынэтхым адыгэ-абазэбзэкlэ къеджэу щlэзыдза щlэныгъэлlхэм зэрыщlэнэкlам ириукlытэжыпхъэщ.

Зэман гъэщlэгъуэн гуэрым дыхуэкlуащ... Блэкlам и бжэр зыгуэрым зэlуихауэ, щlэныгъэ пэжыр lэгукlэ къыщlэбгъалъэ хъум хуэдэщ. Ар къэдгъэсэбэпу, адыгэм и пасэрей тхыдэр лlэщlыгъуэжьхэм къыхэтхыжыныр гъуазэ тхуэхъуныр и чэзууэ къысщохъу

ФЫРЭ Анфисэ.

ЛIэщIыгъуэхэм къадобакъуэ

• Гъэщlэгъуэнщ

Ахъшэхэм ныбжьышхуэ яlэщ. Ахэр къадежьащ пасэрей къэралхэм. Нэхъ гъунэгъуу дыкъэlэбэмэ, иджыри зекlуэ ахъшэхэм я нэхъыжь дыдэу къалъытэ инджылызхэм я фунт стерлингхэр.

ЗЫ ФУНТ зи хьэлъагъ дыжьын ахъшэр къэралым къыщыщlагъэкlыу щlадзащ еянэ лlэщlыгъуэм, ауэ куэду зекlуэу щыхуежьар лlэщlыгъуиплl дэкlыу къызыхащlыкl дыжьыныр фlагъкlэ зэхагъэкlын щlадза иужькlэщ. 1971 гъэр къэсыху зы фунтыр шиллинг 12, шиллингыр пенс 20 хъууэ къекlуэкlащ. Зытета хабзэм къытекlри, а илъэсым фунтыр пенси 100 хъууэ ягъэуващ икlи абы тетщ.

Ныбжькlэ а ахъшэм йохьэйохуэ Сербием и динарыр. Ар 1214 гъэм, къэралым и япэ пащтыхь Стефан и зэманым къыщlагъэкlыу хуежьащ. Жыlэн хуейщ абы лъандэрэ Сербием ахъшэ реформэ зыбжанэ зэрыщекlуэкlар, ауэ ноби динарыр а къэралым и лъэпкъ ахъшэу къонэж. Нэхъыжьхэм хабжэ Урысейм и рублри, дэ дызэса сомыр. Ар къыщежьар тэмэму зыми къыбжиlэфынукъым, ауэ «пыупщlын» псалъэм къытехъукlауэ къалъытэ, дыжьын паупщlурэ хуэзэр къащэхум щlату къекlуэкlауэ. Еджагъэшхуэхэм нэхъ яфlэкъабылыр а ахъшэр 1535 гъэм гъатхэпэм и 20-м, нэгъуэщlу жыпlэмэ лlэщlыгъуитху ирикъуным илъэси 10 иlэжу, ирагъэкlуэкl реформэм къыдежьауэ къалъытэнырщ. Абы щыгъуэщ езыр дымылъагъужми, ди гъащlэм иджыри хэт «кlэпlейкlэ» псалъэр дунейм къыщытехьар.

Еплlанэ увыпlэр иlыгъщ Индием и рупий цlэрыlуэм. Дыжьыным къыхэщlыкlа япэ рупийхэр къагъэсэбэпу щlадзащ, Фарид-Хъан ибн-Хьэсэн и тетыгъуэм хиубыда 1542 гъэм. Пэжу, мыгувэу ар къэралым и щlыналъэ зыбжанэм щащlу хуежьащ, абы къыхэкlыу зыуэ щыт иджырей рупийр къыщыунэхуар 1835 гъэрщ, а щхьэусыгъуэхэм къыхэкlыу жьыхэм хабжэркъым.

Мыри хьэлэмэтщ: США-м и долларыр нэхъ ныбжьышхуэ зиlэхэм яхэтщ, езыр къэралыжьхэм ящымыщми - а тlур къызэдежьауэ жыпlэ хъунущ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я лъэпкъ ахъшэ ар щыхъуар 1785 гъэрщ, ауэ и цlэм и тхыдэр нэхъ кlыхьщ икlи европей талерым хуокlуэ. Иужьрейр Урысейми къыщагъэсэбэпу щытащ пащтыхь Петр Езанэм и зэманым, ауэ зэрыщеджэр нэгъуэщlут. Зи гугъу тщlы дыжьын ахъшэр япэ дыдэу къыщежьар Иоахимсталь щlыпlэ цlыкlурщ (иджы Чехием и щlыналъэм хеубыдэ), зэреджэри иоахимсталерт. Европэм псалъэр щагъэкlэщlри,

«талер» щыхъуащ, Америкэм доллару нэсащ. Апхуэдэ къежьапlэ иlэщ дуней псом щынэхъ лъэщ а ахъшэм.

Езыхэм я цlэхэм куэдрэ замыхъуэжми, ахъшэхэм я теплъэхэр щlэх-щlэхыурэ зэрахъуэкl. Ауэ ахъшэщlэхэм щыхуэкlуи мымащlэу къохъу. Ар къыхокl революцэм хуэдэ lуэхушхуэ дыдэхэм, зей къэралыр кlуэдыжу щlэхэр къызэрыунэхум. Занщlэу щапхъэу къэпхь хъунущ СССР-р. Ар лъэлъэжа иужь къэунэхуа къэралыщlэхэр езыхэм я ахъшэ лlэужьыгъуэхэм хуэкlуэн хуей хъуащ.

Зэхъуэкlыныгъэ нэхъ цlыкlухэми урохьэлlэ. Псалъэм и хьэтыркlэ, Урысейм апхуэдэ щекlуэкlащ 1998 гъэм: тхылъымпlэ ахъшэхэм ноль зыбжанэ гуагъэхуащ. «Деноминацэ» - аращ ди нэхъыжьхэм я нэгу щlэкlа а lуэхум зэреджэр.

Мы Iэнатlэм къыщыхъу зэхъуэкlыныгъэхэр экономикэ щхьэусыгъуэхэм щытращlыхьыр нэхъыбэщ. Псалъэм и хьэтыркlэ, еврэр къежьэри, лъэпкъ ахъшэ 11-р нумизматхэм фlэкlа къамыгъэсэбэпыж тхылъымпlэу къэнэжащ. Ауэ къэралхэм я экономикэ зэдэлэжьэныгъэм зы ахъшэ лlэужьыгъуэм ущыхуэкlуэныр хуабжьу гугъущ. Аращ а lуэхур зэкlэ щlагъэтlылъар. БРИКС зэгухьэныгъэм хэтхэм.

Зэрытлъагъущи, ахъшэхэри цlыху гъащlэм хуэдэщ - дунейм къытохьэ, токlыж. Ар апхуэдэуи телъыджэ гуэрщ, гу лъыдмытэми. Псалъэм и хьэтыркlэ, зэгуэр сомым пщlэшхуэ иlэу, ар пlыгъыу тыкуэным е бзэрым укlуэ хъууэ щытащ. Иджы абы зы щlыпlи ушхэжынукъым. Нэхъ кууэ дыlэбэнти, нэхъыжьхэм дощlэж кlэпlейкlэхэр дыбжу щыщыта зэманыр. Уеблэмэ, щыlэт «Кlэпlейкlэ зымылъытэр кlэпlейкlэ и уасэкъым» псалъэжьыр - мащlэр зэзымыгъэзахуэм, куэди хузэгъэзэхуэнукъым жиlэу арат. Иджыри кlэпlейкlэр зокlуэ, ауэ хэт ар иужьу зылъэгъуар? Кlэпlейкlэ, кlэпlейкlи 5, кlэпlейкlи 10, сом ныкъуэ ахъшэ жыгъейхэр къэдгъэсэбэпыжыркъым. Япэ ит жыгъеитlыр 2009 гъэм щlын щагъэтащ, адрейхэр илъэси 10 хъуауэ къыщlагъэкlыжыркъым. Щхьэусыгъуэр къызэрыгуэкlщ: щlыным текlуадэр куэдкlэ нэхъыбэщ езыхэм я уасэхэм нэхърэ.

Иджы ди гъащlэм къыхохьэ ахъшэ лlэужьыгъуэщlэ - бжыгъэ сомыр. Ар зищlысым зэхэхауэ щыгъуазэр зэкlэ мащlэ дыдэщ. Ауэ, Iэщlагъэлlхэм зэрыжаlэмкlэ, дыщlэшынэн щыlэкъым: а ахъшэ лlэужьыгъуэмкlи Урысейм и банк нэхъыщхьэм жэуап ехь, адрейхэм хуэдэ дыдэу. Зэманым къигъэлъэгъуэнщ.

«Махуэкум» и къыдэкlыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

●Щэнхабзэ

ГушыIэр зэбэкIа пшыхь

Музыкэ къэрал театрым мэлыжьыхьым и 1-м, Ауанымрэ гушыIэмрэ я махуэм, гушыIэ жанрым и артистхэм я Кавказ Ищхъэрэ фестивалыр щекIуэкIащ, КъБР-м и цIыхубэ артистхэу ТIыхъужь Алийрэ ДыщэкI КIунэрэ я фэеплъу.

ПШЫХЬЫР ирагъэкIуэкIащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ уэрэджыIакIуэ, артист Теунэ Джэмалрэ. Абыхэм жаIам къыхагъэщащ фестивалыр илъэс 20-м щIигъуауэ къызэрызэрагъэпэщар, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэм къинэмыщIауэ, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я театрхэм я артистхэр зэрыхэтыр. Ар къызэрагъэпэщ лъэпкъхэм яку зэныбжьэгъугъэ, гуапагъэ, мамырыгъэ дэлъын папщIэ. Пшыхьым и хьэщIащ Нурадилов Хапаши и цIэр зезыхьэ Шэшэн къэрал драмэ театрым, Цей Ибрэхьим и цIэр зезыхьэ Адыгэ къэрал драмэ театрым, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и «Амран» щIалэгъуалэ театрым я артистхэр.

ГушыIэмрэ ауанымрэ щытепщэ пшыхьым экранымкIэ къыщагъэлъэгъуащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лъабжьэр зыгъэтIылъахэу, республикэм и щэнхабзэм и тхыдэм зи цIэр дыщэ хьэрфхэмкIэ хэтхахэу ТIыхъужь Алийрэ (Щукар и ролыр) ДыщэкI КIунэрэ (Дарья и ролыр) зыхэта спектаклхэм («ЩIыщIэ къэIэта») щыщ пычыгъуэхэр.

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэм ягъэлъэгъуащ «Псэлъыхъуэхэр» спектаклым щыщ пычыгъуэ. Утыкур ягъэбжьыфIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Мысост Вадим, ДыщэкI-ХьэхъупащIэ ФатIимэ, Къардэн Заур. Абы къыкIэлъыкIуащ Шэшэн театрым и артистхэр (Шэшэн Республикэм и цIыхубэ артист Шахбазовэ Джамиля, Шэшэн Республикэм щIыхь зиIэ и артистхэу Тайсумов Тимуррэ Ахмутхановэ Сацитэрэ) щыджэгуа «Женитьба Бальзаминова» спектаклым щыщ пычыгъуэр. «Инопланетянин» спектаклымкIэ пшыхьым пащащ Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и артистхэм (Гогуев Арафатрэ Сарбашев Аскэррэ). Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и артистхэм (КъБР-м и цIыхубэ артист Балъкъэр Юрэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Успаевэ Элеонорэ, Терехинэ Еленэ, Ораков Замир) ягъэлъэгъуащ «Невеста из Имеретии» спектаклым щыщ Iыхьэ. Адыгэ Республикэм къикIа хьэщIэхэу УФ-м и цIыхубэ артистхэу Зыхьэ Зауррэ Къукъан Муратрэ утыкум ирагъэблэгъащ. Ахэр кърихьэлIахэм ядэгуэшащ Ауанымрэ гушыIэмрэ я махуэм ирихьэлIэу урысейпсо теленэтыным папщIэ ягъэхьэзырауэ щыта гушыIэ теплъэгъуэм и тхыдэмкIэ икIи ар экранымкIэ къатащ . КъБР-м и цIыхубэ артист Къуныжь Алим игъэлъэгъуащ «Сыти си Лэкъумэн» гушыIэ теплъэгъуэр.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ: Хьэкъул Оксанэ, ДыщэкI Артуррэ Нэсрэн Чыларрэ, цIыхубэ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта «Шэрджэс» ансамблым (художественнэ унафэщIыр БжьыхьэлI Замирщ) и артист ныбжьыщIэхэм.

Фестивалыр зыгъэбжьыфIа артистхэр утыкум ирагъэблэгъащ. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Уянаевэ Iэминатрэ КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Фырэ Майерэ зэхыхьэм къыхэжаныкIа артистхэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЗэфIэкIым зезыгъэужь зэныбжьэгъугъэ

●Гъуазджэ

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр - ныбжьэгъугъэм и нэпкъщ» зыфIаща, Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэмкIэ и 9-нэ щIыналъэ зэхыхьэу Кэнжэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм щекIуэкIар и зы Iыхьэщ Урысей Федерацэм Север Леонид и цIэкIэ мы гъэм епщIанэу щызэхашэ, усэхэмрэ усэхэр зэдзэкIынымкIэ къэрал зэхуаку щIалэгъуалэ зэпеуэм.

НЭГЪАБЭ дунейм ехыжа жылагъуэ лэжьакIуэ, усакIуэ Iэзэ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм деж къыщызэрагъэпэща ГъуазджэмкIэ совет нэхъыщхьэмрэ Беларусым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ хэта Север Леонид и жэрдэмкIэ зэхаша, мы гъэм илъэс епщIанэ хъуауэ ди къэралым щекIуэкI зэхьэзэхуэхэр теухуащ сабийхэм я зэфIэкI къагъэлъэгъуэным: усэ къеджэнымкIэ, сурэт щIынымкIэ, уэрэд жыIэнымкIэ, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэнымкIэ, нэгъуэщIхэмкIи.

Кэнжэ къуажэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм щызэхэтам хуагъэхьэзырар ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумрэ адыгэ тхакIуэ щэджащэ ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрыхъумрэ зэрагъэлъапIэт.

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэкIэ щыIэ фондым и унафэщI ЩоджэнцIыкIу Леонид я пашэу укъызэрагъэпэща иджырей зэхуэсым хэтащ зэкъуэтыныгъэм телажьэ «Сябры» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и унафэщI Сидорук Павел, ТхакIуэхэмрэ гъуазджэм и лэжьакIуэхэмрэ я къэрал зэхуаку зэгухьэныгъэм Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ и къудамэм и секретарь Север Иринэ, Ростов областым «Степь» и фIэщыгъэу къыщызэрагъэпэща район зэхуаку зэгухьэныгъэм и лIыкIуэ Кондрашовэ Иринэ, ГъуазджэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым (СКГИИ-м) щылажьэ профессорхэу Гъэсашэ Натальерэ Балъкъэр Тамарэрэ, КъБКъУ-м Архитектурэм, ухуэныгъэмрэ дизайнымкIэ и институтым щезыгъаджэ, УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт Унэж Залинэ, республикэм фIыкIэ къыщацIыху тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэхэу республикэм балъкъэрыбзэкIэ къыщыдэкI «Заман» газетым и лэжьакIуэ Османов Хьиса, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЗэрамыщIэ Заретэ, УФ-м и тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Щоджэн Риммэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Хьэту Петр, Iуэхур зэхэзышахэм ящыщ, ЮНЕСКО-м, апхуэдэуи ТхакIуэхэмрэ гъуазджэм и лэжьакIуэхэмрэ я къэрал зэхуаку зэгухьэныгъэм хэт, щIалэгъуалэ зэчиифIэхэм я гъэсакIуэ Марыщ Розетэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2025 гъэм мазаем и 8 - 24 махуэхэм къриубыдэу щекIуэкIа зэпеуэхэм къыщыхэжаныкIа сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ утыкум зырызыххэу кърашэурэ, хуагъэфэща тыгъэхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ иратащ.

Зэрэгъыж къуажэм щыщ Iэгуей Элинэ Север Леонид «В парке» зыфIища и усэр япэщIыкIэ урысыбзэкIэ къыжиIэри, адыгэбзэкIэ зэрызэридзэкIыжам езыр къеджэжащ. Абыи нэхъ цIыкIухэм ящыщу уэрэд жызыIахэм къахэжаныкIа Маргъущ Темырлани «Гран-при» тыгъэ лъапIэр иратащ.

Фестивалыр къызэрыунэхурэ илъэсипщI зэрырикъум и щIыхькIэ Север Иринэ и щхьэгъусэм и фэеплъу игъэхьэзыра медалхэр къыздихьати, ахэр зэхыхьэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщу нэхъ зыхуигъэфащэхэм яритащ.

- Нобэрей Iуэхур зэхэзышахэм фIыщIэ ин фхузощI! Нэрылъагъущ фи сабийхэм зэфIэкI телъыджэ зэраIэр. Ди зэныбжьэгъуныгъэр нэхъри кIыхь хъуну, щIэблэщIэр куэду къытщIэхъуэу, ди зэхущытыкIэфIым щыдгъэгъуазэу, фIыр я Iэгупэрэ Iейр я IэщIыбу, я щIэныгъэм хагъахъуэну сахуохъуахъуэ! - жиIащ абы.

АдэкIэ къэпсэлъащ ЩоджэнцIыкIу Леонид.

- Хабзэ зэрытхуэхъуауэ, илъэс къэс едгъэкIуэкI мы зэхыхьэм хуэдэхэм адэкIи къапытщэнущ. Хьэкъыу си фIэщ мэхъу ныбжьыщIэхэм я нэхъыбэм зэфIэкIышхуэ зэрабгъэдэлъыр. ФIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ Кэнжэ къуажэ администрацэм и унафэщI Степан Эдуарддрэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэу мы зэхыхьэм хуэдэхэр къызэгъэпэщынымкIэ илъэс ебгъуанэ хъуауэ зыкъытщIэзыгъакъуэхэмрэ. Зэхьэзэхуэм хэтыну хуейхэм я бжыгъэр зы гъэм нэхърэ адрейм нэхъыбэж хъууэрэ йокIуэкI. ФIыщIэ яхузощI Iуэхур зэфIэхынымкIэ гугъу зыкъыддезыгъэхьа егъэджакIуэхэми, гъэсакIуэхэми, нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа ди хьэщIэхэми. Псори щIызэхэтшэжыр сабийхэм я зэфIэкIыр къэдгъэнэIуэн, гъэсэныгъэрэ зэныбжьэгъугъэрэ дизэхуаку дэлъын папщIэщ, - жиIащ абы.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Кэнжэ къуажэ администрацэм и унафэщIСтепан Эдуард.

- ИкъукIэ си гуапэщ мыбдежым мыпхуэдэ зэIущIэ гукъинэжхэр зэрыщевгъэкIуэкIыр. Дапщэщи тфIэфIу фыкъыдогъэблагъэ. Сыхуейщ ди сабийхэм я Iэзагъэ, я зэфIэкIыр мы утыкум хуэдэхэм дяпэкIи щыдагъэлъагъуну, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр адэкIи едгъэфIакIуэу, ди зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ нэхъри дгъэбыдэну. Зэхьэзэхуэм хэта сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ ящыщу зи кIэн къикIахэри абыхэм мащIэу якIэлъыщIэмыхьахэри къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм фыкърихьэлIэну сынывохъуэхъу! НэхъыщIэхэр дгъэгушхуэрэ нэхъыжькхэм я жьауэ дыщIэту, мыпхуэдэ Iуэху дахэкIэ адэкIи дызэхыхьэну сыхуейщ, - жиIащ абы.

ЗэIущIэм и кIэухым, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа Марыш Розетэ,езыми къылъысу, Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэмрэ къекIуэлIахэмрэ фIыщIэ яхуищIри, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэ КIарэ Залымхъан утыкум кърищащ. Абы игъэзэщIа уэрэд нэжэгужэмкIэ зэхуэсыр зэхуащIыжащ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

ЩхъуэкIэплъыкIэрэ щхьэпэ дыдэу

●Тхылъыщlэ



Иджыблагъэ дунейм къытехьащ хущхъуэгъуэ зыпылъ къэкIыгъэхэм теухуауэ Джэдгъэф Хъусен итха усэхэр щызэхуэхьэса тхылъ щхъуэкIэплъыкIэ. НапэкIуэцI 16 фIэкIа мыхъуми, а лэжьыгъэм гъэщIэгъуэныщэу куэдым дыщегъэгъуазэ.

ТХЬЭКЪУАХЪУЭ Iэуес игъэхьэзыру къыдигъэкIа тхылъым лъабжьэ хуэхъуар «ХьэтIохъущыкъуейдэс Джэдгъэф Хъусен фегъэцIыху» фIэщыгъэр иIэу 2008 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым къытрадзауэ щыта усэхэращ. Ахэр къызэщIикъуэжри тхылъ цIыкIу къыхищIыкIащ Iэуес, щIэджыкIакIуэхэм зэрафIэгъэщIэгъуэнынур, щхьэпэ зэрахуэхъунур къилъытэри.

Илъэс пщыкIубл ипэкIэ газетым къытрадза усэ Iэрамэм пэублэ псалъэ хуищIат илъэс куэдкIэ редакцэм щылэжьа нэхъыжьыфI Къамбий Зуфар. Ар гуапэу топсэлъыхь Хъусен и япэ усэхэм, уэрэдхэм, сабийхэр зыхуэущиипхъэм, ахэр зэрыбгъасэ хъуну Iуэхугъуэ куэдым тхакIуэр Iэзэу тетхыхьу, бзухэм, хьэкIэкхъуэкIэхэм, унагъуэ псэущхьэ цIыкIухэм яхуэусэу зэрыщытам.

Губгъуэм, унэм, мэзым къыщыкI къэкIыгъэхэм я фIагъым, ахэр тхъумэн зэрыхуейм икIи дызэрелэжьыну щIыкIэм, дэтхэнэ зы удзми пхъэщхьэмыщхьэми яхэлъ хущхъуэгъуэхэм, витаминхэм дыщыщигъэгъуазэ усэхэр уасэншэщ. Ахэр сабиибзэ дахэкIэ тхащ, еджэгъуафIэщ, гукIэ зэгъэщIэгъуафIэщ. Сабий гъэсапIэхэми пэщIэдзэ еджапIэхэми къыщыбгъэсэбэп хъунущ. Шэч хэлъкъым къэкIыгъэхэр езыгъэдж егъэджакIуэхэмкIи мы тхылъыр сэбэпышхуэ зэрыхъунум.

Къыхэгъэщыпхъэщ ипэкIэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес мыпхуэдэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэн зыбжанэ къызэрыдигъэкIар, «КъэкIыгъэ хущхъуэхэр» тхылъым и щIыбагъым къыщыхьащ абыхэм я теплъэр. Псалъэм папщIэ, апхуэдэхэщ «Бдзэжьейхэр», «ХьэкIэкхъуэкIэхэр», «ХадэхэкIхэр», «ГъукIэ-пхъащIэ Iэмэпсымэхэр», «Гъуэгу дамыгъэхэр», «Джэдкъазхэр», «Адыгэ Iэщэ-фащэхэр», «Бзухэм я цIэхэр», «Мывэхэр», нэгъуэщIхэри. Дэтхэнэ зыри щхьэпэщ сабийм и къэухьым зиужьынымкIэ, фIэщIэщыгъуэн гуэр кърихынымкIэ. УмыщIэ къэпщIэну сытым дежи гухэхъуэкъэ?!

Тхылъыр и бжыгъэкIэ 100 мэхъу, абы и теплъэр компьютеркIэ зыщIар, усэхэр екIуу изыгъэзэгъар Мэремкъул Марьянэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

●УФСБ-м къет

БзаджащIэхэр яубыд

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, Минераловодскэ таможнэм я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ Налшык къалэм щыпсэу цIыхуитIым зэрахьэ хабзэншагъэр. Ахэр пыщIащ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр игъэкIыным.

УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 226.1 статьям и 1.1-нэ Iыхьэм, 234-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ ягъэкъуаншэ ахэр икIи уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 8-м нэскIэ ягъэтIыс.

●Бэнэкlэ хуит

Ди щIалэхэм бжьыпэр яIэрохьэ

НыбжьыщIэхэм бэнэкIэ хуитымкIэ я республикэ зэхьэзэхуэ Налшык къалэм дэт «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ «Спортыр террорым и бийщ» фIэщыгъэр зэрихьэу, «КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щымыгъэIэн» къэрал программэм ипкъ иткIэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и бэнакIуэхэм нэмыщI, зэпеуэм хэтащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къырымым я спортсменхэр, псори зэгъусэу 120-рэ хъууэ, я ныбжькIэ илъэс 18-м щIимыгъуауэ. Ахэр гуп 11-у гуэшауэ щытащ.

Зэхьэзэхуэм кърикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь наIуэ къызэрыхъуамкIэ, гуп зэпеуэм япэ увыпIэр къыщахьащ ди щIалэхэм. Щхьэзакъуэ зэпеуэхэм япэ увыпIэхэр спортсмени 9-м щаубыдащ.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм дыщэ медалхэр къыщахьащ Битохъу Мартин (кг 42-рэ, Къэрэгъэш), Киштыков Темырлан (кг 48-рэ, Новая Балкария), Къэзан Ратмир (кг 51-рэ, Ислъэмей, Бахъсэн щIыналъэ), Дыджэ Алан (кг 55-рэ, Къулъкъужын Ищхъэрэ), Iэрыпщэ Инал (кг 60, Шэджэм къалэ), IутI Аслъэн (кг 65-рэ, Альтуд), Бэрбэч Темырлан (кг 71-рэ, Налшык). Сэбаншы Темырлан (кг 92-рэ, Ислъэмей), Мусэ Амир (кг 110-рэ, Шэджэм къалэ) сымэ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

ПсынщIэу зэрыкIуэм хуэдэу

●ДОСААФ

Урысейм и ДОСААФ-м и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм иригъэкIуэкIащ машинэр псынщIэу зэрыкIуэм хуэдэу зыщIебгъэдзурэ къызэдэжэнымкIэ зэхьэзэхуэ. Ар траухуат ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 мы гъэм зэрырикъур гъэлъэпIэным, апхуэдэуи КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъу щытащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР щрагъэкIуэкIыну я гугъат Налшык къалэм щыIэ Абхъазым и утыкум, ауэ ар зытраухуа махуэхэм дунейр къызэIыхьэри, зэрыщIыIэм къыхэкIыу, ар ямыгъэIэпхъуэу хъуакъым. ИужькIэ, Абхъазым и утыкум зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм жармыкIэхэр щызэрызэхашэри къалъытэри, Прохладнэ къалэм щрагъэкIуэкIащ.

Зэхьэзэхуэр зэIухауэ зэрыщытам щхьэкIэ, КъБР-м и ДОСААФ-м щIыналъэхэм щиIэ къудамэхэм я командэхэм нэмыщI, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIахэри хэтащ. Гуп къэс цIыхуищ хъууэ зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIащ.

Зэхьэзэхуэр нэхъри гугъу зыщIу хэлъаращи, спортсменхэм машинэхэмкIэ псынщIэу къызэражыхьым, къагъэш-нагъэшу, зыр адрейм щхьэдэхыу, адэкIэ-мыдэкIэ зыдадзэу здэкIуэм хуэдэурэ, иджыри нэщэнэ ахэр еуэн хуейхэт. ЦIыху къэс тхуэ уэгъуэ къылъысырт, нэщанэм темыхуэхукIи, секундитху хухагъэщIырт къызэражыхь псынщIагъым.

ГъэщIэгъуэну икIи удэзыхьэхыу екIуэкIа зэпеуэм япэ увыпIэр щаубыдащ КъБР-м и ДОСААФ-м и къудамэу Налшык къалэм щыIэм и лIыкIуэхэу Гъубжокъуэ Зауррэ Скибэ Русланрэ.

ЕтIуанэ хъуахэщ Прохладнэ къалэм щыIэ «Класс» автошколым и лэжьакIуэхэу Газзаев Русланрэ Логоза Сергейрэ. Ещанэ хъуахэри прохладнэдэсхэрщ - Холоденкэ Александррэ Гофман Викторрэ.

Щхьэзакъуэ зэпеуэм япэ щыхъуащ Скибэ Руслан. ЦIыхубзхэм я зэхьэзэхуэм щытекIуащ Налшык и командэм щыщ Хьэтщыкъуэ Залинэ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм я мурадщ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр мы гъэм иджыри зыбжанэрэ зэхашэну.

ШЭКЭМ Виктор.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.442
Заказыр №683
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(1, 4-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(3, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.